ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№59 (22.467) ● 2013 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкмкІэ и Зэзэгъэныгъэ советым, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щІышылэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ къыщыт, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэр и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщегъэужьыныкмкІэ и Зэзэгъэныгъэ советым, «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщегъэужьыныкмкІэ и Зэзэгъэныгъэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щІышылэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Зэзэгъэныгъэ советым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Хьэсанэ Р. Тl. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр *(Зэзэгъэныгъэ советым и тхьэмадэщ)*

Бэлагы Б. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрым и къуэдзэр

Диасамидзе С. М. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и ЩІыналъэ зэхуакъ технологие управленэм и унафэщІым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Кладько И. Е. - Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Кучменов Тl. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрыр

Мисиров М. Хь. - «ГидроРус» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и къудамэм - «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іуэхущ-ІапІэм» и инженер нэхъыщІэхэр *(зэгурыІуауэ)*

Уэзрокъуэ З. Хь. - «Жуабэ-энергетикэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и инженер нэхъыщІэхэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Шогуэ Р. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІыр *(Зэзэгъэныгъэ советым и секретарщ)*;

б) Улнаев К. Хь.-М и кьулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и яп» къуэдзэр *(Зэзэгъэныгъэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэщІ)*;

в) Камарзаев Э. А. и кьулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІыр»;

г) Зэзэгъэныгъэ советым къыхэгъэкІыжьын Уэлджыр Ж. Хь., Гертер И. К., Жамборэ Н. Б., Отаров Къу. М., Хьэгъэс З. А., Шыхъуэстэн Л. С. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2013 гъэм гъатхэпэм и 21-м
№36-УГ

● Къэрал Іуэхущ-ІапІэхэм

Мэлыжьыхьым и 19-м зэхашэнущ

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм (АСМО) и правленэм и щІыхьэ гъатхэпэм и 29-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ абы и тхьэмадэ ПэнагуэМаксим.

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балкъэр управленэ нэхъыщхьэмрэ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэмрэ, Іэшхэ Іэнатіэм, жылагъуэ Іуэхутхьэбзащ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомымрэ «КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэмрэ зэрызэдэІэпыкъунум, зэрызэдэлэжьнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІащ. Абыхэм Іэ щІадзащ а Іуэхущ-ІапІэхэм я унафэщІхэу **Шагин Сергей, Бакъ Фанэ, ПэнагуэМаксим** сымэ.

КъыкІэлъыкІуэу зэхьыхэм щыхэплъащ «Жылагъуэхэм я жэрдэмкІэ мафІэсым пщІэтыну гупхэр кьызэгъэзэщыным и Іуэхуіэ» 2011 гъэм щкІуэгъуэм и 17-м кьащта республикэ законыр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ муниципальнэ щІыналъэхэм кьапщыт кьалэнхэм. Къэбэрдей-Балкъэрым кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ-ІапІэм и унафэщІ Шагин Сергей зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ гуп апхуэ кьыщызэрагъэпэщар Лэскэн куейм хьыхь Ташлы-Тала кьуажэрщ. Бахьсэн районым щыщ Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм мафІэсгъэункІыфІхэм я упэр зыхуей щыхуагъэзащ. Безнеги кьуажэм а лэжьыгъэр щызэфІагъэкІын хуейщ. Налшык кьалэм Биттировым и цІэр зезыхьэ уэрамым газ игъэхъуапІэр щагъэувыну щІыпІэр хабзэм кьарагъэзэгащ, депом и унэр зэрагъэпэщыжащ. Прохладнэ районым и Дальнэ жылагъуэм апхуэдэ псэуалъэ щаухуэнущ. Жэмтхъалэ Ипщэ, Зольскэ, Щэджэм Ипщэ, Псыкузд кьуажэхэм ирата газ игъэхъуапІэхэр щагъэувыну щІыпІэхэр кьыхэхьныр, зыхуей псэуалъэхэр ухуэныр кІыхьлІыхь мэхъу.

(КІуэхыр 2-нэ нап.)

Хэхыныгъэхэр ирамыгъэкІуэкІыу

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ щыналъэхэм я унафэщІхэр хамыхыну, нэгуэущу жыпІэмэ, хэхыныгъэхэр ирамыгъэкІуэкІыну, хуит зыщІ законым.

А хабзэр кьыхалъхьауэ щытащ Къэрал Думэм и депутат гупым. Абы кьыщыщІа ноужь, хабзэщІэм арэзы техъуащ Федерацэмкіэ Советри. Законым щІыналъэхэр хуит ещІ къызэрыгъэкІ хэхыныгъэхэр ирамыгъэкІуэкІыну, атІэ къэрал унафэщІым яхуигъэлъэгъуахэм яхэдзу, щІыпІэ хабзэуБзыку органым и депутатхэм я кьулыкъур нэхъ зыхуэфащэу кьаІуэтэр абы ягъэувыну. Езыхэм я кандидатхэр УФ-м и Президентым хуэзыгъэлъэгъуэну хуитыр зи лЫкІуэхэр Къэрал Думэм е я щІыналъэ парламентхэм хэт партхэрщ.

Гу зылъытапхъэщ мыри: щІыналъэ унафэщІу ягъэувыну кьагъэлъагъуэ хъунукъым щІэпхьаджагъэ хьэлъэ зылэжьу тутнакъ кьэзыхьауэ щытахэр. Апхуэдэуи кандидатхэм хамэ къэралхэм мылъку щаІэну хуиткъым.

Сом мелард 260-рэ

«Къэралым мы зэманым гулъытэ нэхъыбэ зыхуищІын хуейхэм яящыщ Къуэкіыпі Іэ Жыжьэр», - жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий а щІыналъэм, Бурятиэм, Забайкальскэ краймрэ Иркутскэ областымрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа къэрал комиссэм и зэІуІэщ къыщыщыпсалъэм.

Премьер-министрым зэрыжиІамкІэ, БАМ-мрэ Транссибирь гъэзэгумрэ егъэфІэкІуэным, Хабаровск, Владивосток, Находкэ кьалэхэм трассэщІэхэр щыкъуэдиныным 2013 - 2017 гъэхэм трагьэкІуэдэну я мурадщ сом мелард 260-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэ. «НэхъыфІри а ахъщэр «Урысей гъуэгуанэ» ОАО-м и мылъкум хэлъхьэнырщ», - жиІащ Медведевым.

Уэрамхэр къабзэу щытын папщІэ

Ильэс зыбжанэкІэ уэзІэбэнлъхьэмэ, Великобританием и щыхьэр Лондонрэ Ливерпуль кьалэмрэ щагъэуцауэ щытащ пхъэнкІий зэрыбдзэ хуэ автоматхэр.

ГъэщІэнгъуэнагъуэ абы хэлъыр ахэр щІыхьэм кьызэрелъэІурщ: «ПхъэнкІий, пхъэнкІий кьызэфІ». Абы кІэрыкъуэбжьарыху гуэр ибдзэмэ, фІыщІэ кьыпхуещІ.

Коммунальнэ Іуэхущ-ІапІэхэм иджыблагъэ Лондон щагъэуващ урэщІэхэр. ТхьілъымпІэжьхэм, газет-журнал зыхуэмеижхэм яхуэхэхэр. ТхьілъымпІэ кІапэр абы зэрыпэсу, автоматым захъеижэ. Абы и закъуэкъым - а Іэмэпсымэм экранышхуэ иІэщІ, цІыхухэр хъыбарыщІэхэм кьеджэну Іэмал яІэщ.

Кьалэм и унафэщІхэр иджыри йогупсыс Лондон и уэрамхэр кьабзэу щытыным кьыхуэбгъэсэбэн хуэну нэгъуэщІ хэкІыпІэхэмэ.

1879 гъэм Софие Болгариемрэ къэзакъхьэу къыхьатащ. Абы и лъабжьэр ягъэтІылъауэ щытащ илъэс миниблкІэ уэзІэбэкІыжмэ.

1904 гъэм Кавказ бригадэм хьыхь Іэнатіэрей сотняр кьызэрагъэпэщауэ щытащ.

Усакіуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуий Щыхьымбий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«ropoda.yandex.ru» сайтым кьызэрытымкІэ, Налшык пшэр тхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жащым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщ-ІапІэхэм

Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым щыгуаз зещІ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен КъБР-м Узыншагъэр хуэмэ-нымрэ курортхэмкІэ и министерствэм щыІащ.

ПСОМ япэу ар епльащ ведомствэр зыщІэс унэм и щытыкІэм, кьекІуэлІэхэр щрагъэбгъагъэ пэщхэм. Иужькіэ абы жиІащ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ мы Іуэхущ-ІапІэм Іэмал нэхъыфІхэр кьыхуэзгъэпэщын хуейуэ кьыхэгрильытэр. Мыбы кьекІуэлІэ щІыхухэм яхэтщ ныкъуэдыкъуэхэр, уз гъэтІылъа зиІэхэр икІи апхуэдэхэм я Іуэхухэр нэхъ псынщІэу дэгъэзыжьынхэщ. Зыхуэфащэ кьулыкъущІэхэм абы пщэрыльящащ мы Іэнатіэм и щытыкІэр егъэфІэкІуэныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр тхьэмахуитІым кьриубыдэу кьыхалъхьэну.

АджкІэ КъБР-м и Іэтащхьэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ящащ 2013 гъэм КъБР-м и республикэ инвестицэ программэ щхьэхуэм хагъэхьа ухуэныгъэхэм. Псом япэу тепсэлъыхьащ республикэ клиникэ сымаджэщым хирургием-кІэ и кьудамэм и унэр зэрызэрагъэпэщыжьым. Абы пыщІа лэжьыгъэ псори дыдэрыт ильэсым зэфІэгъэкІын хуейщ. Мы Іэнатіэм сом мелуани 140-м щІигъу хухахащ. Проектым кьызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, сымаджэхэр зыщІэлъ пэщхэр зы цІыхуэцІыхуитІым ятещыхьауэ, тынышлІэ псори яІэу щытынущ. Унэм щІэт бжьамий зэмылІэужьыгъуэхэр, электрооборудованэр кьанэ щымыІэу кьагъэщІэрэщІэжьынущ, унашхьэр зэрахъуэжьынущ, унэ щыІыр зэрахъэнущ. Иджыпсту лэжьыгъэхэр и гуащІэгъуэу йокІуэкІ.

Узыншагъэр хьэмэнырэ курортхэмкІэ и министр Шэт Ирмэ зэрыжиІамкІэ, капитальнэу зэрагъэпэщыжьынущ Налшык кьалэм дэт сабий поликлиникитІыр, перинатальнэ центрыр. Иужьрей Іуэхущ-ІапІэм папщІэ хьэлъэзешэ лифтэхэр щІэуэ кьащІэхуащ.

Кьанокъуэ Арсен хэхауэ щІэупщІащ перинатальнэ, онкологие центрхэм зэрелэжьым. Ахэр хуэным хуахха ахъшэр сом мелардИ 4-м щІегъу. ДыдэрыщІыгъуэзэщІ, перинатальнэ центрыр хуэныр «Урысей Ипщэр 2008-2012 гъэхэм» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ 2011 гъэм и дыгъэгъазэ маз-эм кьрагъэжьауэ щытащ. Иджыпсту а пэжьыгъэм фІыуэ хагъэщІащ.

Онкологие центрыр кьапщтэмэ, ар яхуэхуэ щІадзащ «Социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ узыфІэхэр кьэмыгъэхьуныр» абыхэм ебэныным» федеральнэ программэ хэхам тету. Ар унэ щхьэхуэзу тху хьууэ, а псори быдэу зэпыщІауэ щытынущ. Иджыпсту унэхэм я пІабжьхэр щагъэжьыну мащэхэр хьэзыр ящІащ.

Министерствэм хиубыдзу ирагъэкІуэкІ ухуэныгъэхэм ящыщу мы гъэм хьэзыр ящІыну я мурадщ Анэзрей кьуажэм дащІыхьа район сымаджэщыр. Абы терапевтическэ, хирургие кьудамэхэм я унэр, сымаджэхэр кьэзыщтэ кьудамэр, пщэфІапІэр, медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и станцыр, машинэ гъэувыпІэхэр, котельнэр, зыхуеину нэгъуэщІ Іэнатіэ куэдм хэтынущ.

Министерствэм и лэжьакІуэхэр, апхуэдэу зыхуэфащэ нэгъуэщІ министерствэ зыбжанэм я унафэщІхэр хэту иригъэкІуэкІа зэІуІэм республикэм и Іэтащхьэр зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэхэр зэрыратэкІуэкІ щыкІэм, ухуэныгъэ 18-м ящыщу дэтхэнэри хьэзыр щыхьэну пІалъэм, ахьшэр кьыІэрагъэсэбэным. Абыхэм кьаджкІуэу иджыпсту капитальнэу кьыІэрагъэпэщыжьыр Къэбэрдей-Балкъэрым узыншагъэр хьэмэнымкІэ и Іуэхущ-ІапІэ 26-рэ. Кьанокъуэ Арсен хэхауэ жиІащ: «Сэ си щхьэкІэ сыкІэлъыпІалынущ дэтхэнэ ухуэныгъэри зэрырагъэкІуэжьым. Фэри фыбзэлэрыгъ хъунукъым, Іуэхур цІыхуэхэм я узыншагъэр хьэлэмэм щыхуэгъэзащ дэж. КьыщІэдзауэ Іуэхущ-ІапІэр щІэуэ дыухуэмэ, абы иджыпей тынышлІэ псори сымаджэхэм медицинэм и лэжьакІуэхэм папщІэ яІэн хуейщ. Капитальнэу гнэхэр зэрагъэпэщыжьыну Налшык кьалэм дэт сабий поликлиникитІыр, перинатальнэ центрыр. Иужьрей Іуэхущ-ІапІэм папщІэ хьэлъэзешэ лифтэхэр щІэуэ кьащІэхуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

● Абы дегъэпІейтей

Зэіуіэм хэтщ Щокъарэ Залинэрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ.

Хъыбар пэжыр цІыхухэм псынщІэу яІэрыхьэн хуейщ

Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балкъэрым и къэрал властым и органхэм я пресс-секретархэм я зэІуІэгу КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэм хьэзэгъэзэпэщар.

ИДЖЫПСТУ КъБР-м лэжьыгъэ куэд щокІуэкІ, зи хъуэкІныгъэ зэрарынэхэр щыІэщ, уеблэмэ республикэр унэтІыныгъэ щхьэхуэхэмкІэ фІыкІэ къэралым къыщыхощ. Ауэ а пэсри республикэм къыщыдгкІ газетхэм еджэхэмрэ телевиденэм еплъхэмрэ я деж щынэмыс урохьэлІэ. «Фэращ зэпльытар къэрал властым и органэм я лэжьакІэм цІыхуэхэр и зэманым щыгъуазэ щыныр», - къыхигъэщащ а зэІуІэм къыщыщыпсалъэм КъБР-м и Іэтащхьэм и пресс-секретарь **Щокъарэ Залинэ**. Апхуэдэу абы къигъэльэгъащ цІыхуэхэм хъыбарегъащІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьакІэр къаззрыщыхьэр зэгъэщІэн, абы папщІэ социологие къэпщытэныгъэхэр егъэкІуэкІын, ведомствэхэм я унафэщІхэр Іуэхум ихьэхэщэн зэрыхуейр. ФІэкІыпІэ имыІэу гулъытэ хэха хуэщІыпхъащ КъБР-м и Правительствэм и порталым, властым и дэтхэнэ органми и официальнэ сайтым иралъхьа хъыбархэр щІэх-щІэхыурэ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ «Іуэху нэхъыщхьэхэм я пэжыпІэм теухуауэ къэгъэпсэлъэн хуейщ абыхэм фІыуэ щыгъуазэ щыгъуазэ унафэщІхэр. Мы итІанэ цІыхухэм властым хуащІ дзыхьми хэхъуэнущ», - и псалъэр щиухым къыхигъащащ Щокъарэ Залинэ.

КъБР-м цІыхубз къэбарегъащІэ Іуэхущ-ІапІэхэм зэрапащІам.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Псом япэ итыр



«Variety» журналым къыхитхыкІащ къуэкІэпІэ къэралхэм щыщІэрыІуэ урысей режиссерхэр. Илъэситі и пэкІэ Венецием «Золотой лев» саугъэтыр къыщыдыхьа («Фауст» фильмым папщІэ), «Золотая пальмовая ветвь» дамыгъэр зыхуэфащэхэр къыщыдгхьэ зэхъуэзэхуэм щынейрэ хэта Сокуров Александрщ псом япэ итыр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, кинорежиссерыр куэд щІауэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балкъэрым къыпыщІащ. Абы 2009 гъэм Іыхьих хъуэ триха «Интонация» документальнэ сериальм, ди республикэм и щІыу пажэхэм ятриухуам, зи гугъу щищІахэм, кьыщыгъэпсэлъахэм ящыщщ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен. Фильмыр «Московская премьера» кинофестивалым и приз.

Къэбэрдей-Балкъэрым кьыщІэт щэнхабзэ Іуэхухэм щІэх-щІэхыурэ хэтщ Сокуровыр. КъБКъУ-м илъэсищ хъуауэ щолажьэ режиссерым и мастерской. Абы щІэнэкІэ щыхьэзыгъуэт ІалапІуалэ зэчифІэм ядолажьэ Москваръ Санкт-Петербургрэ я егъэджакІуэ лъэщхэр. «Республикэм и ехъулІэныгъэр зэлъыта ныбжьыщІэхэр лъэпкъ зэхэщІыкІым и къуэхым кьикІыныр нэхъыщхьэ дыдэр. Пэжщ, ар лъабжьэ быдэщ, абыкІэ творческэ ехъулІэныгъэ зэрызэбгъэгъэтыфынуми щэч хэлъкъым. Ауэ европей щэнхабзэм зыхагъэгъуэзэмэ, я къуэхым зиужьынущ, я зэфІэкІри нэхъ къагъэлъэгъуэфынущ. Ар кьащІыхъэсэбэныпхъ режиссурэм деж и закъуэкъым», - жиІэ Сокуров Александр.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Къэрал Іуэхущ-ІапІэхэм

Мэлыжьыхьым и 19-м зэхашэнущ

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм (АСМО) и правленэм и щІыхьэ гъатхэпэм и 29-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ абы и тхьэмадэ ПэнагуэМаксим.

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балкъэр управленэ нэхъыщхьэмрэ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэмрэ, Іэшхэ Іэнатіэм, жылагъуэ Іуэхутхьэбзащ-ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомымрэ «КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэмрэ зэрызэдэІэпыкъунум, зэрызэдэлэжьнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІащ. Абыхэм Іэ щІадзащ а Іуэхущ-ІапІэхэм я унафэщІхэу **Шагин Сергей, Бакъ Фанэ, ПэнагуэМаксим** сымэ.

КъыкІэлъыкІуэу зэхьыхэм щыхэплъащ «Жылагъуэхэм я жэрдэмкІэ мафІэсым пщІэтыну гупхэр кьызэгъэзэщыным и Іуэхуіэ» 2011 гъэм щкІуэгъуэм и 17-м кьащта республикэ законыр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ муниципальнэ щІыналъэхэм кьапщыт кьалэнхэм. Къэбэрдей-Балкъэрым кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ-ІапІэм и унафэщІ Шагин Сергей зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ гуп апхуэ кьыщызэрагъэпэщар Лэскэн куейм хьыхь Ташлы-Тала кьуажэрщ. Бахьсэн районым щыщ Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм мафІэсгъэункІыфІхэм я упэр зыхуей щыхуагъэзащ. Безнеги кьуажэм а лэжьыгъэр щызэфІагъэкІын хуейщ. Налшык кьалэм Биттировым и цІэр зезыхьэ уэрамым газ игъэхъуапІэр щагъэувыну щІыпІэр хабзэм кьарагъэзэгащ, депом и унэр зэрагъэпэщыжащ. Прохладнэ районым и Дальнэ жылагъуэм апхуэдэ псэуалъэ щаухуэнущ. Жэмтхъалэ Ипщэ, Зольскэ, Щэджэм Ипщэ, Псыкузд кьуажэхэм ирата газ игъэхъуапІэхэр щагъэувыну щІыпІэхэр кьыхэхьныр, зыхуей псэуалъэхэр ухуэныр кІыхьлІыхь мэхъу.

(КІуэхыр 2-нэ нап.)

Уэрамхэр къабзэу щытын папщІэ

Ильэс зыбжанэкІэ уэзІэбэнлъхьэмэ, Великобританием и щыхьэр Лондонрэ Ливерпуль кьалэмрэ щагъэуцауэ щытащ пхъэнкІий зэрыбдзэ хуэ автоматхэр.

ГъэщІэнгъуэнагъуэ абы хэлъыр ахэр щІыхьэм кьызэрелъэІурщ: «ПхъэнкІий, пхъэнкІий кьызэфІ». Абы кІэрыкъуэбжьарыху гуэр ибдзэмэ, фІыщІэ кьыпхуещІ.

Коммунальнэ Іуэхущ-ІапІэхэм иджыблагъэ Лондон щагъэуващ урэщІэхэр. ТхьілъымпІэжьхэм, газет-журнал зыхуэмеижхэм яхуэхэхэр. ТхьілъымпІэ кІапэр абы зэрыпэсу, автоматым захъеижэ. Абы и закъуэкъым - а Іэмэпсымэм экранышхуэ иІэщІ, цІыхухэр хъыбарыщІэхэм къеджэну Іэмал яІэщ.

Кьалэм и унафэщІхэр иджыри йогупсыс Лондон и уэрамхэр кьабзэу щытыным кьыхуэбгъэсэбэн хуэну нэгъуэщІ хэкІыпІэхэмэ.

1904 гъэм Кавказ бригадэм хьыхь Іэнатіэрей сотняр кьызэрагъэпэщауэ щытащ.

Усакіуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуий Щыхьымбий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«ropoda.yandex.ru» сайтым кьызэрытымкІэ, Налшык пшэр тхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жащым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщ-ІапІэхэм

Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхь

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ управленэу КъБР-м щыІэм и Іуэхущ-ІапІэ псоми 2013 гъэм мэлыжьхьым и 1 лъандэрэ Іэ щыщІрагъэдз 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ.

Фэ нэхъ фигу ирихь кьыдэкІыгъуэу Іэ зыщІэвдзэкрэ и зэманым унэм ныфхуахьыхьыну е ахэр пощтым и Іуэхущ-ІапІэхэм фыкІуэурэ къыщеІыфхьых хъунущ. Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ зэрытрагъадзэ щІыкІэм нэхъ гупсэхуу щыгъуазэ фищІыфынущ пощт Іуэхущ-ІапІэм и лэжьакІуэм.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ - КъБР-м и УФПС.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм санитар-экологие щытыкIэр щегъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм гъатхэпэм и 19-м *№97-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ санитар-экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэн, муниципальнэ щIыналъэхэр гъэкъэбзэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр къэнщытэнымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэ (адэжI э - ведомствэхэм зэдай комиссэр) къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы унафэм щIыгъуэу:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр къэнщытэнымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр къэнщытэнымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуа положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ санитар щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэр;

Кьалэ округхэр, кьалэ (къуажэ) жылагъуэхэр гъэкъэбзэнымкIэ, зэIуэзэпэщ щIынымкIэ, къэкIыгъэ щхьэантIэкъэ щыхэсэнымкIэ мазитI лэжьыгъэм хигьакIуэ зэфIагъэкIыну Iуэхухэр къыщыгъэлъэгъуа планым и формэр.

3. Кьалэ округхэмрэ кьалэ (къуажэ) жылагъуэхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыну икIи махуэ кьэс ягъэува пIалъэм тету мы щыкIэлыкIуэ лэжьыгъэхэм ятеухуа информацэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хьуГъуфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм иратыну:

гъатхэпэм и 5-м фIэмыкIыу - муниципальнэ щIыналъэр гъэкъэбзэнымкIэ зэIуэпэщ щIынымкIэ лэжьыгъэхэм я планыр зыхуэфащэ теплъэм иту тхауэ;

мазэ кьэс - мазитI лэжьыгъэр зэрекIуэкIым теухуа информацэр;

мэкъуаэуэгъуэм и 15-м фIэмыкIыу - кIэух информацэр.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хьуГъуфIыгъуэхэмкIэ и министерствэм (Гызыев Б. Хь.) хуэгъэувын гъэ кьэс:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэр гъэкъэбзэнымкIэ, зэIуэпэщ щIынымкIэ, къэкIыгъэ щыхэсэнымкIэ мазитI лэжьыгъэм хигьакIуэ зэфIагъэкIыну Iуэхуэхэм я планыр муниципальнэ щIыналъэхэм щаубзыхуа планхэм тету гъатхэпэм и 20-м нэмысу зэхилъхьэурэ ведомствэхэм зэдай комиссэм иритыну;

Мэкъуаэуэгъуэм и 25-м фIэмыкIыу мазитI лэжьыгъэм кьэрикIуахэр кьиныщIэжырэ, абы теухуа отчетыр ведомствэхэм зэдай комиссэм иритыну;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и санитар-экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэрыгъэзэIуну.

5. Ведомствэхэм зэдай комиссэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар-экологие щытыкIэр квартал къэс щIипщытыкIыурэ зэхуэфащэ отчетыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм иритыну.

6. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЦIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхуэ IанIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и санитар-экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхуэ IанIэхэм кьыщыгъэлъэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

7. Кьару ямыIэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы кьыкIэлыкIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм я щIыналъэхэр къэгъэбзэнымкIэ, зэIуэпэщ щIынымкIэ, къэкIыгъэхэр щыхэсэнымкIэ мазитI лэжьыгъэр зэрыгъэкIуэкIым теухуа Положенэм и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м №104-ПП-м щIэту кьащтам;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыдигъэкIа унафэ №104-ПП-м хэхъуэжыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м №78-ПП-м щIэту кьащтам;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыдигъэкIа унафэ №104-ПП-м хэхъуэжыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2012 гъэм мэкъуаэм и 10-м №120-ПП-м щIэту кьащтам;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и санитар-экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIагъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм щыщхьэIум и 22-м №208-ПП-м щIэту кьащтам.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
ХЬЭСАНЭ Руслан

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Коллегиехэр

Сом мелард 13-рэ мелуан 216-рэ и уасэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и коллегием и зэIуIэм щызэпкърахащ нэгъабэ я лэжьыгъэр зыхуэдамрэ мы гъэм кьапэщыт кьалэнхэмрэ.

МИНИСТР **Пономаренкэ Роман** и кьэпсэльэныгъэм кьызэрыхигъэщамкIэ, я Iуэхущапи Iэм хьыкъэ Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэ хьарзынэ яIащ. Кьаныщ, Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэ предприятэхэм сом мелард 13-рэ мелуани 216-рэ и уасэ продукцэ кьыщIагъэкIащ. Ар зыгъращIыхьауэ щытам и процент 133,2-рэ мэхъу. Зэрызэужь хуабжьагьыр и пэ ита ильэсым ельытауэ процент 122,1-м нэсащ. Сом мелард 13-рэ мелуани 143,6-рэ и уасэ продукцэ зэгурыIуэныгъэ зыхуаIэхэм зэрызэшащ, ар ягъэкIуэзыдам и процент 99,5-рэ мэхъу.

ЛэжьыгъэфI яIащ «Кавказкабель» кабель завод», «Кавказкабель-ТМ» кабель завод» ЗАО-хэм, «Тэрч налмэс», «Телемеханика», «Налшык вольт льагэ IэмэпсымэзаводI» ОАО-хэм, «Севкаврентген-Д» ООО-м, «Электропросервис» ОП ООО-м, «ЩIым щIэль хьугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэхъыныр», «Сырьем елэжьныр», «Электрокъарур, газыр, псыр кьэлэжьынымрэ тегуэшэнымрэ» Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм зэрызэужьым я индексэр иужьрей зэманым процентI 118,6-м, кьыщIагъэкIым зэрыхэхьэгъэ процентI 120,2-м нэсащ. 2012 гъэм и пэщIэдзэ IыанIэрэ промышленностым игъэхьэзыр продукцэм зэрыкъхъуэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэрыр КИФЩI-м щыпашащ, - жиIащ кьэпсэльэм. - Зэманым кьеГъэуфэ промышленнэ комплексым и зыужьныныгъэм щIэныгъэм и лъэныкъуэ псори кьыщыдгъэссэбэныну. Ар нобэ уиэтIыныгъитIым тыдощIыхь. Апхуэдэущ Iэнатlэхэм техникэ лъэшхэр щыгъэзыныр, щIылэхэр егъэфIэкIуэныр, иджырей технологие пэрытхэр зыубгъуауэ кьэгъэсэбэпыныр. Инвестицэ проектхэр гъэзэщIным, лъэщапIэхэр кьэгъэщIэрэщIным, щIэхэр кьызэIуахыным сом мелардI 2-м щIигъу нэгъабэ хуэзыщIдгъэуIуащ. Промышленностым и Iэнатlэ нэхъыщхьэ псоми, кьащтэмэ, «Кавказкабель», «Эрпак» ЗАО-хэм, «Севкаврентген-Д» ООО-м, «Тэрч налмэс», «Телемеханика», «Гидрометаллург» ОАО-хэм а лэжьыгъэр щызэфIэдгъэкIащ. «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-мрэ КъБКъУ-мрэ сом мелуан 420-рэ и уасэ проект ягъэзэщIащ. «Тэрч налмэс» акционер обществэ зэIухам УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм ирищIылIащ 2012 - 2013 гъэхэм зэпэжьыну проектыщхэм ахьыщ кьызэрыхалъхьэнум теухуа кьэрал зэгурыIуэныгъэ. Кьыщынэмыщ Iуэ, «Инструмент» НИИ-мрэ (Мэзкуу) «Станки» МГТУ-мрэ (Мэзкуу) субзэгурыIуэныгъэхэр яхуиIэщ. Абыхэм тету, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, гъэунэхуныгъэ Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыныщ.

Министрым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, Iэнатlэхэр егъэфIэкIуэным, технологиещIэхэм хуэкIуэным промышленнэ предприятэхэм кьыщагъэсэбэп ерагъэтым щхьэщытыкIыпхъэхэр яхуэтыжьным теухуа республикэ программэ хэхам и проектыр гъэхьэзырыщIащ. Къэбэрдей-Балькъэр Къэбэрдей-Балькъэр Инвестицэ зэгурыIуэныгъэхуэIащ. «Телемеханика» ОАО-мрэ «СтройМаш» сату зэн ООО-мрэ мы зэман гъунэгъум налог льготэхэр ягъэуэтынущ.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ, Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэхэр КИФЩI-м и Инвестицэ планым хагъэхьну республикэ инвестицэ проект пэрытхэр гъэбелджылыным и Iуэхум жьыджэру хэтащ. Абыхэм я нэхъ инхэм ящыщ ерыскыы промышленностымрэ щжI щызэIуащэ промышленностымрэ папщIэ полиэтилентерефталату (ПЭТФ) тонн 486-рэ ильэсым щагъэхьэзырыну заводыр. «Севкаврентген-Д» ООО-м и Iэнатlэ псори ирагъэфIэкIуащ, я лъэщагъым хагъэхьуащ. Иужьрей технологиехэр кьагъэсэбэпу, бжьагьэкIэ лажьэ медицинэ рентген техникэ зэмылIуэжьыгъэхэр щызэпкърыхьащ. Кавказ ИщхьэрэI и ХьуманIэ банкым КИФЩI-м кьэрал дэIэпыкъунырэу кредит япэу зыщыхухихар мы предприятэр, Тырныауэ вольфрам-молибден кьыщIэхьIпIэм рудам щелэжь и Iэнатlэр зэтеГъэувэжьыным гугъэфIхэр ирапх. Социальэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ республикэм зэрызиужьыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэрыщыгубзыхуэм тету, а Iуэхум йолэжь. Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатыр и лъабжьэу яухуэну я мурад иджырей бгы-металлург комплексым ефIэкIыныгъэшхуэ иIэнущ, Iэнатlэ зыбжанэу зэхэтыну предприятэм сырьем нэгъэсауэ щелэжьынущ. Апхуэдэущ вольфрам ангидридэр, молибден концентратэр, ферросплавхэр, зэхэгъэзыжа пкьыгъуэ быдэ хэхахэр, уху зыныгъэм кьыщагъэсэбэп мывэ хьэжаехэр. Предприятэр ирагъажьэмэ, Тырныауэ кьалэр республикэм и промышленнэ центр ин хьунущ, цIыху куэд Iэнатlэхэ кьызэригъэпэщынущ.

КъБР-м и Правительствэм и яп э вице-премьер **Уянаев Казым** зи унафэщI гуп нэгъабэ и нэхъуауэгъуэм Азербайджаным щыIащ, а кьэралым-рэ Урысеймрэ я бизнес-зэIущIэщхуэм хэтащ. абы щызэращIыIа зэгурыIуэныгъэм ипкь иткIэ, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м и продукцэу сом мелуан 11-рэ 743-рэ и уасэ ди гъунэгъу республикэм хурагъэщащ. «Севкаврентген-Д» ООО-м Sumqait Technologies Park компаниемэ зэпсэльэныгъэхэр дригъэкIуэкIащ, «Телемеханика» ОАО-мрэ Азербайджаным и IэщагъэлIэхэмрэ зэщIыгъуэ проект хэха ягъэзэщIэнущ.

Республикэм рознищ сатум зыщIежь. Нэгъабэ ар сом мелардI 83-рэ мелуан 228,6-м нэсащ. Абы и процент 68-р сату организацэхэмрэ щыIпIэ хэха зиIэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ кьызэрагъэпэщащ. Сом мелардI 56-рэ мелуан 565,4-р абыхэм, мелардI 26-рэ мелуан 663,2-р бзэзэхэмрэ жармыIэхэмрэ хуоэз. А бжьыгъэхэр и пэ ита ильэсым зэрыхъуам щIегъу. Цыхухэм пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм хохьуэ. Ильэс кIуам сом мелардI 18-рэ мелуан 849-рэ и уасэ хуэзфIагъэкIащ. Ари 2011 гъэм ельытагъуэ процент 6,4-кIэ нэхьыбгъэ, - жиIащ Пономаренкэ Роман.

Министрым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, ильэсым щыщу блэкIа зэманым кьэриубыдэу ерыскыыхэкIэм и уасэм процент 7,6-кIэ, хьэпшыпхэр - процент 10-кIэ, пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэм процент 7,9-кIэ хэхъуащ. Цыхуэхэр Iэмалыншэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр щхьэзыфIэфIу ямыIэтын щхьэкIэ, щытыкIэр мазэ кьэс кьапщытэ. Къэпсэльар щхьэхуэу кьытеувыIащ сату Iуэхуэр зэкIэлыгъэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэхэм, абы и лъэныкъуэкIэ къагъэсэбэп зэкIыпIэхэм, бюджет IыгъжьыгъуэхэрэкIыуэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэм. Иужькlэ мы гъэм кьапэщыт кьалэнхэр зэпкърихащ.

Министрым жиIам дыщIагъужу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, гъуэгу хозяйствэмкlэ, транспортымрэ связьмкlэ и комитетым и Iэщхьэм и кьуэдзэ **Куэшей Аэзмэт**, «Телемеханика» ОАО-м и унафэщI **Кьер Аслъэн**, Май муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Тимошенкэ Николай**, «Прохладнэ» сату пщIантIэ» ОАО-м и унафэщI **Громыкэ Светланэ**, сатум, жылагъуэ шхапIэхэм, потребкооперацIэм, хьрычэт Iэнатlэхэм я лэжьыгъэхэм я профсоюзым и рескомым и Iэтащхьэ **Бекъалды Маритэ** сымэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и Тхьэмадэм и яп кьуэдзэ Уянаев Казым кьыхихъэщащ министерствэм хьыхъэ предприятэхэр нэгъабэ зэуIуу зэрылэжьар, я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуар, зыужьныныгъэм хуэунэтIауэ мы ильэсым кьапэщытхэм екъуIлIэн папщIэ, щIэгъэкъуэн зэрахуэхьунур.

Кьыхалъхьа Iуэхуэгъуэмрэ чэнджэщхэмрэ зэхуагъэкIуа нэхъ, зытепсэльыхьахэр унафэкIэ щIагъэбыдащ.

ХЬЭКЫКЪАРЭ Алик.

Дэфтэрхэм я бжыгъэм хагъахъуэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и архив Iуэхущапи Iэм зэIущIэ щызэхэтащ, 2012 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ дызэрыт ильэсым кьаныщытхэмрэ теухуауэ. Зэхьыхьэр иригъэкIуэкIащ а Iуэхущапи Iэм и унафэщI Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Портэ Галинэ**, республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Кьардэн Мурат**.

Республикэм и архив Iуэхущапи Iэм и унафэщым и кьуэдзэ **Власов Игорь** кьыгъеувыIащ 2012 гъэм зэфIагъэкIыну кьагъэтхьэгъуэ кьалэн нэхъыщхьэхэм зэрехьулIам, «КъБР-м и архивхэр» сайтымрэ КъБР-м и Правительствэм и порталым Iуэхущапи Iэм щызэхаха напэкIуэцIымрэ кьагъэсэбэнрэ, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, жылагъуэм хуаIэ пыщIэныгъэхэр зэрырагъэфIекIуам.

- Ди лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм хэдгъэхъуэн папщIэ, семинар зэхуэмыдэхэр едгъэкIуэкIащ. КьыщынэмыщIауэ, ЦIыхубэ хозяйствэмрэ кьэрал кьулыкъущIапи Iэмкlэ Урысей академием и Кавказ ИщхьэрэI щIыналъэ кьудамэм ди лэжьакIуитI еджакIуэ дагъэкIуэ. Ди Правительствэм и архив Iуэхущапи Iэмрэ КъБКъУ-мрэ зэтущыIа зэгурыIуэныгъэм тету, ди управленэхэм лэжьыгъэм зыщIыхагъэгъуазэ тхыдэ факультетым и ещанэ курсым щIэс студентхэм, - жиIащ Власовым.

Ар тепсэльыхьащ республикэм и социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьныныгъэр къэзыгъэльагъуэ тхыгъэхэр зэхуэхъэсыным теухуауэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр зыхуэдэм. Апхуэдэу я гъэтIылъыгъэхэм кьаухъхъуащ КъБР-м и Правительствэм, министерствэ, Iуэхущапи Iэм щхьэхуэхэм. КьыщынэмыщIауэ, архивым и лэжьакIуэхэм нэгъабэ видеохэмрэ сурэтхэмрэ куэду щытрахащ республикэм щекIуэкIа жьыпагъэ-политикэ, щэнхабзэ, спорт зэхьыхьэм.

Власов Игорь и псалъэм кьыхигъэщащ я Iуэхущапи Iэмрэ «Документальное наследие» фондымрэ зэгъуэсу «Архивы и общество» журналым и номерипIэ кьызэрыдагъэкIар. Къэпсэльым зэрыжиIамкIэ, ардыгъэзэкIэ, балькъэрыбзэкIэ абы ихуа тхыгъэ 35-р теухуауэ республикэм щекIуэкIа зэхьыхэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм. 2012 гъэм Iуэхущапи Iэм и лэжьакIуэхэм телерадиотеуIэн 19 ягъахъэзэращ. КъБР-м и архив Iуэхущапи Iэм ильэс 90 зэрырикъум, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм, махуэшхуэхэм, документальнэ сурэтхэм я выставкэхэм теухуауэ.

2013 гъэм Iуэхущапи Iэм кьыпэщытхэм щытепсэльыхьым Власовым кьыхигъэщащ КъБР-м и архив фондым щIэхъ тхыгъэхэр хьуэмыкIэ, я ехьакIуэ Iэхэм кьэрал Iуэхутхьбзэхэр яхуэщIэнкIэ я кьалэн нэхъыщхьэу кьызэрыпэжкIр. КьыщынэмыщIауэ, республикэм и лъэныкъэм я тхыдэм теухуауэ Урысей, хамэ къэралхэм щIэхъэхэм хуэдэхэмкIэ ди Iуэхущапи Iэрэ кьызэрагъэпэщын, ди дэфтэр хьуГъуэфIыгъуэхэм щыхуэхэр щагъэгъэпэн, драгъэхъэхын зэрыхуейм, я лэжьыгъэр ирагъэфIекIуэным теухуауэ зэфIагъэкIыпхъэхэм ебыгъэувыIащ.

Республикэм и архив Iуэхущапи Iэм иджырей тхыдэмкIэ и центрым и управленэм и унафэщI **Ащхъуэт Рамсэ** и псалъэм кьыхигъэщащ я Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр нэгъабэ зыхуагъэувыжа кьалэнхэм хьарзынэу зэрыпэгъэщар. Къэбэрдей-Балькъэрым и гъэтIылъыгъэ зэхуэмыдэхэм зэрызыжьам теухуа документхэр щызэхуэхьэса, томипщI хъу тхыдэ къыдагъэкIыну Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьызэрыхилъхьар, а Iуэхур къайхъулIэмэ, Архив зэуплъхьущIапи Iэм и фондым ехъулIэныгъэ хьарзынэу зэрыщытынур жиIащ. Рамсэ кьызэрыхигъэщамкIэ, Iуэхущапи Iэхэм, цIыху щхьэхуэхэм ятеухуа тхыгъэхэмрэ сурэтыщIэхэмкIэ я фондыр кьагъэщIэрэщащ, щэнхабзэм, егъэджэнымкIэ, щIыхуб хозяйствэм, узыншагъэр хьуэныным, спортым, театрым, радиом, телевидением, хабзэхъуэ Iуэхущапи Iэхэм я лэжьакIуэхэм ехьэлIаха зэхуэхьэс.

Псалъэмакъым пащэу къэпсэльащ мы Iуэхущапи Iэм и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Кьэрэ Тимур**, социально-правовой документацIэхэмкIэ кьудамэм и унафэщI **Аюкаевэ Эльмирэ**. Май районым и щIыпIэ администрацIэм и архивым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ абы пыщIа гугъуехьхэмрэ тепсэльыхьащ **Пожарницкая Надеждэ**.

Портэ Галинэ жиIащ архив Iуэхущапи Iэм и унафэщIэм теухуауэ щIэ куэд кьызэрыщIар, щIыпIэхэм я фондэхр, гъэльэгъэныгъэхэр Iуэхущапи Iэм кьызэрыщыт мыхьэнэ зиIэр. Архив Iуэхущапи Iэм и щыужьныныгъэм хэлIыфIыхьхэм Галинэ фIыщIэ яхуищIа нэхъ, ахъэ ныгъэзыгъэ щыхьэныгъэ Iэмэпсымэхэмкlэ, Iэмал зэрыпэкIэ, кьызэрагъэпэщыну.

ТЕКIУЖЬ Заретъ.

● Сессиехэр

Зэдэарэзыуэ дзыхь ирагъэз

Сыжажэ Хьэсэн унафэм Iэ щIеда.

Сыжажэ Хьэсэн Бахъсэн районым администрацIэм и Iэтащхьэу хахьжащ. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ щыпIэ самоуправленэмкIэ советым и Iэтащхьэ.

БАХЪСЭН муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм и кьулыкъым ягъэувыну кьыщыхахыну зэпеуэр мы гъэм и мазаем кьыхалъхьауэ щытащ. Зыхэплъэну тхыльэр ежидатIитIым - куей адмистрацIэм и унафэщI Сыжажэ Хьэсэнрэ абы и кьуэдзэ Тохъутэмыщ Мухьэмэдэр ягъат.

Iэ яIэтын и пэ кьихуэу, КъБР-м и Iэтащхьэм и АдминистрацIэм и Унафэщым и кьуэдзэ Власов Александр псалъэ кьыщтащ. Абы къгъэльэгъуауэ Къэбэрдей-Балькъэрым и ТхьэмадэКъаногъуэ Арсени республикэм и адрей унафэщIхэри, Сыжажэ Хьэсэн и кандидатурэм зэрителъхьэ кIи кьыхигъэщащ куейм и нэхъыжьыщхьэу мы зэманым ди щIыналъэм и Iуэхукъуэшхуэ щызыIыгъэхэм я Iуэхум абы хуэфащэу зэрыпищу, Бахъсэн Хьэсэн районым зегъэужьыным куэд зэрыхихыльхьар, кьызэгъэпэщащ щIыпIэ самоуправленэмкIэ гъэльэгъэныгъэ кьызэIуахынущ, кьалэхэмрэ районым я муниципальнэ лэжьакIуэхэм я республикэ спартакиадэ ирагъэкIуэкIынущ, сонет, жылагъуэ нэхъыфIхэм, муниципальнэ зэпэгъэхьеныгъэм пщIэ щызыIэ щыхухэм я Iуэхущапи Iэм хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зыубгъуауэ щытепсэльыхьынущ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри кьыхалъхьэнущ. «ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэм» теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэр Налшык дэт Киноконцертым гъэльэгъуанIэм мэлыжьыхьым и 19-м щызэхэтащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм щекIуэкI Iуэхуэхэм щыIэныгъэм жьыдэжу гъэрытепсэльыхьым и кIыдэхэм зэрыщIидзэрэ илъэ 50 зэрырикъум кьыхэкIыу, «Зольские вести» газетым и редакцIэм «КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацIэм и щIыхь тхыльыр хуагъэфэщащ.

АРУАН Алий.

ЗЭДЭАГЪЭМЭ, Бахъсэн районым кьыпэщыт кьалэнхэм дазэрыпэлъэщыным шэч кьытеосырхьым, - зэхуигъэзащ абы дзыхь кьезыгъэзахэм.

Сыжажэ Хьэсэн Лабид и кьуэдзэ Бахъсэн районым щыщ Псыхъурей кьуажэм 1962 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м кьыщалъхуащ. 1980 гъэм курыт еджапIэр кьуажащ. 1980 - 1982 гъэхэм советыдзэм кьулыкъу щищIащ. 1984 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр (Тэрч) мэкъумэщ техникумыр, 1992 гъэм агромелиоративнэ институтыр агроном Iэщагъэр иIэу кьиуащ. 2000 гъэм мэкъумэщ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Бахъсэн районым щыIэ «Большевик» колхозым 1984 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. ПэщIэдзэ комсомол организацэм и секретарь, трактор-губгъуэ бригадэм и унафэщIу, агроном нэхъыщхьэу, «Псыхъурей» СПК-м и Iэтащхьэу щытащ. 2004 гъэм и щIышылъэм кьыщыщIэдзауэ 2006 гъэм и щэкIуэгъэуэ пщIондэ Бахъсэн кьуейм и агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэм и унафэщIр, район администрацIэм и тхьэмадэм и япэ кьуэдзэщ. 2006 гъэм и щэкIуэгъуэм щегъэжьауэ 2011 гъэм и мазае хьуху щыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм псэуныгъэ кьызэгъэпэщыныр шыналъэ гъэншагъэрэ я Iуэхуэхэм кIи я яхуэдизыр лэжьащ, куейм администрацIэм и унафэщIым и кьуэдзэ лэжьащ. 2011 гъэм мазаем и 25 гъэндэрэ Бахъсэн районым администрацIэм и Iэтащхьэм и кьулыкъыр зэрегъэпэщ.

И лэжьыгъэфIым, жылагъуэ гъащIэм зэрыщыжыджэрым кьыпкIэуцу, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм, Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм я щIыхь тхыльхэр кьыхуагъэфэщащ, «УФ-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщIегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» щIыхь дамыгъэр яратащ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

Мэлыжьыхьым и 19-м зэхашэнущ

(КIуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

- 2011 гъэм УФ-м Зыхьумэжыныгъэмкlэ и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм гъэнгъэхъуапIэу 10 къриталъ. Республикэм мафIэсым пщIэт и къэрал Iуэхущапи Iэм ахуэр кьызыхуэтыншэу зэтриихуащ, мафIэсым зэрыщыхъэну Iэмэпсымэхэр иригъэкIуэ Iухиащ, - кьигъэльэгъуащ Шагин Сергей. - МафIэс щынагъэншагъэм кьигъэувхэм я техникэ регламентым теухуауэ 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №123-ФЗ-м и 76-нэ статьям зэрыщыгубзыхуам тету, мафIэсым щызыхъужмэну гупхэр республикэм и щIыналъэ 14-м кьыщызэдгъэпэщынущ. Нобэ ирихьэлIэу ар зиIэр Ташы-Тала, Безенги, Зольскэ, Псыкъуэд кьуажэхэрщ. Газ игъэхьуапIэхэр зратахэу Кременчуг-Константиновскэ, Шэджэм Ипщэ, ЖэмтхьэIэ Ипщэ, Дальнэ, Екатеринодрадкэ жылагъуэхэм а лэжьыгъэр щызэфIагъэкIыу, КъБР-м юстициэмкIэ и Iуэхущапи Iэм щрагъэтхьи хуейщ.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, щIыпIыхьэхэр, унэхэр, псэуальэхэр пIалъэ кIыхькIэ ДПО-хэм щIэнпIэу зэрыхуахьыну тхыльхэм я проектхэр ягъэхьэзырри, муниципальнэ щIыналъэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я Iэнатlэхэм иратащ. Иджы абыхэм Iуэхур щIагъэпсынщIэну кьапэщытщ.

Зытепсэльыхьам теухуауэ кьыхалъха чэнджэщхэр унафэкIэ кьащтащ.

КьищынэмыщIауэ, зэIущIэм щызэхэплащ «КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щIыналъэ нэхъыфI», «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и щIыхьб унафэщI нэхъыфI», «ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущапи Iэм я лэжьыгъэм нэхъыфIу тетхьыхь куей хьыбарегъащIэ Iэнатlэ» уиэтIыныгъэхэмкIэ АСМО-м и гъэтIылъэ иригъэкIуэкIа зэпеуэхэм кьарикIуахэм.

Республикэ комиссэм и секретарь **Маслов Николай** ахэр зыхуэдэм кьызэхуэсахэр хигъэгъэзащ. Зэхьэзэхэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, Былым кьуажэмрэ Шэджэм кьалэмрэ бжьыпэр ираташ. Шытхьэлэ, Яныкьуей жылагъуэхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагъэшащ. «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и щIыхуб унафэщI нэхъыфI» зэпеуэм Прохладнэ районым хьыхь Малакановскэ кьуажэ администрацIэм и Iэтащхьэ Пурик Санетэ щытекIуащ. «2012 гъэм КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я IуэхущIафэр нэхъыфIу кьызыгъэлъагъуэ районыр хьыбарегъащIэ Iэнатlэ» номинацэм «Терек-I», «Черекские вести», «Майские новости» газетхэм я редакцIэхэр кьыщыхахащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и АСМО-м и Илъэс зэхуэсым дипломхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ текIуаэхэм щратыжынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм кьэрал кьулыкъым, кадрхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я Iуэхуэхэм I и кьуэдзэм и унафэщI **Власов Александр** кьыхихьэри, зэIуIэм кьыщащтащ «ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэм» зэрызыхуагъэхьэзырынымрэ ар зэрыграгъэкIуэкIынымрэ я планыр. Абы ипкъ иткIэ, муниципальнэ Iуэхущапи Iэмэ «бжэ зэIуахэм я махуэхэр», тематикэ зэIущIэхэр, нэгъуэщI зэхуэсхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпэщынущ, «Къэбэрдей-Балькъэрыр - Республикэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэмкIэ» сурэт гъэзджэмкIэ гъэльэгъэныгъэ кьызэIуахынущ, кьалэхэмрэ районым я муниципальнэ лэжьакIуэхэм я республикэ спартакиадэ ирагъэкIуэкIынущ, сонет, жылагъуэ нэхъыфIхэм, муниципальнэ зэпэгъэхьеныгъэм пщIэ щызыIэ щыхухэм я Iуэхущапи Iэм хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зыубгъуауэ щытепсэльыхьынущ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри кьыхалъхьэнущ. «ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэм» теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэр Налшык дэт Киноконцертым гъэльэгъуанIэм мэлыжьыхьым и 19-м щызэхэтащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм щекIуэкI Iуэхуэхэм щыIэныгъэм жьыдэжу гъэрытепсэльыхьым и кIыдэхэм зэрыщIидзэрэ илъэ 50 зэрырикъум кьыхэкIыу, «Зольские вести» газетым и редакцIэм «КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацIэм и щIыхь тхыльыр хуагъэфэщащ.

ЩIЫПIЭ ЩIЫГЪЭ

Сессиехэр

Зэдэарэзыуэ дзыхь ирагъэз

**Сыжажэ Хьэсэн Бахъсэн районым администрацIэм и Iэтащхьэу хахьжащ. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ щыпIэ

Дунейпсо литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр

Шиллер Фридрих
(1759 - 1805 гъг.)

УсакIуэ уахътыншэ

ЖЫЗУМЕЙХЭМРЭ жыг хадзэхэмрэ къаухъуреихьа Неккар псым и Іуфэм Іусщ Германием и Марбах къалэ щIыкIур. А къалэм 1759 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ Германием и Іьэпкъ усакIуэшхуэ Иоганн Кристоф Фридрих Шиллер.

И сабиигъуэм ар дихьхауэ едаIуэрт полкым и фельдшеру щыта и адэм езыр зыхэта зауэ зекIуэхэм, унагъуэр зыхуэИ хуэззу псэун папщIэ анэм игъэва гугъуэхьхэм, хуэдрэ Іэпхъуащэпхъуэн хуейуэ къаэзрыхудэкIам теухуауэ къИуIэзэм хъыбархэм.

УсакIуэм и сабиигъуэр узыщыгуфIыкIыщэн зыхэмылъ жыхуаIэм хуэдэу екIуэкIащ. Абы щыгъуэ Германиер щхьэ и Іуэху щыхэрагъэжьащ къэралыгъуэ щыкIуурэ зэпыудауэ щыщыта лъэхъэнэт. Апхуэдэ зы щIыналъэ мыинт Шиллерхэ я унагъуэр щыпсэуа, щхьэзыфIэфI Карл-Евгений герцог залымым и унафэм щIэта Вюртемберг герцогствэри.

1777 гъэм герцогым и унафэкIэ Шиллер зауэ еджапIэ хэхам щIагъэтIысхьащ, жужьуэкIэ ар Карл и Академиие хъущ. ЕджапIэм хабзэ ткIий щыэкIуэрт. Казармэхэм я теплъэ хьэлъэри хабзэ ткIийкэри зэран хуэхъуфакъым ныбжьыщIэм и псэр усыгъэм хуэущэным.

Шиллер Шекспир и тхыгъэхэр дихьхэыу едж, езым и лъэхъэнэгъу щIэрыуэ Гёте и драматургием куууэ зыхеГъэуазэ. Академием литературэ Іуэху щызепхуэну хуит ущащIыртэкъым. Апхуэдэхэм тезыр ткIий тралъхьэрт. КIэлъыплъаКIуэхэм закъримыгъащIэу, зигъэпщкIуурэ Шиллер усэхэр, пьесэхэр итхырт.1776 гъэм литературэ альманах гъэрым къытрадзауэ щытащ Шиллер и Іэдакъэщ Іэкіэзу ди зэманым хъсахэм ящыщ зы усэ «Пщыхьэщхьэ» жьхуиІэр. А зэман дыдэрщ Шиллер «Хъунщ Іакіуэхэр» драмэм елэжьын щыщIидзар.

Шиллер зэрытхэм еджапIэм и унафэщIхэр игъэгубжьырт. Аращ Фридрих и диплом лэжьыгъэр, «Философиемрэ физиологиемрэ» жьхуиІэр, мыхъуауэ Карл-Евгений герцогым къыщIитытар икIи ныбжьыщIэр иджыри зы илъэскIэ Академием щеджэн хуейуэ унафэ щIищIар. Ауэ усакIуэ ныбжьыщIэм и гущIэм щыізэхэна усыгъэ мафIэр бгъэункIыфIныр мытыншу къыщIэкIащ. Хуитыныгъэм хэзпабгъэ, залымыгъэм теплъэ мыхъу усакIуэ щIалэм нэхъри ерыщу елэжьу щIидзащ и гурыщIэхэр къыщIиуэта «Хъунщ Іакіуэхэр» драмэм икIи ар псынщIэу и кIэм нигъэсащ. Илъагъу мыхъу Академиер кIиурхи, мазэ зыТу нэхъ дэмыкIауэ, а пьесэр 1781 гъэм и накъыгъэм дунейм къытехьащ икIи дунейпсо драматургием и нэхъыфIыпIэхэм хэлъытащ. 1782 гъэм и щIышыгъэм драмэр щагъэуващ Мангейм - Баден маркграфствэм - и щэнхабзэ, экономикэ Іэхуущ Іапіэ щIэрыІуэм.

Нэмыц цIыху пэрытхэм а лъэхъэнэм, Энгельс и псалъэкIэ жыпIэмэ, «зэман нэхъыфI къэкIуэныкIэ я гугъапIэ закъуэр зыхалъагъэр литературэрат». Ахэр дэрэжэгъуэшхуэкIэ Іущащ Шиллер и яп пьесэм. Иджыри къызджэсым зыми ямыцIыхуа тхакIуэ ныбжьыщIэр Германиеми нэгъуэщ Іущащ Шиллер и яп пьесэм. Иджыри къызджэсым зыми ямыцIыхуа тхакIуэ ныбжьыщIэр Германиеми нэгъуэщ Іущащ Шиллер и яп пьесэм. «Хъунщ Іакіуэхэр» драмэр щхьэхуитныгъэмрэ абы щIэзэрэмрэ я гимн пэлъытэ хъуащ.

А лъэхъэнэрщ Шиллер щитхар щхьэхуитныгъэм щIэзэрэ гупсысэкIэ гъэнщIа, цIыхубэм япхъуэта, гъэпцIыпIакIуэхэр зыгъэкIэзыза уэсэ куэд. Ахэр псори къытрадзащ «1782 гъэм и антологие» усыгъэ тхылъым.

«Хъунщ Іакіуэхэр» драмэм и ехъулIэныгъэм нэхъри игъэгубжьащ арыншмани усакIуэ ныбжьыщIэ самПIэимыхьэр зыпIагъу мыхъу герцогым. И пьесэр зэрагъэува щIыкIэм еплыну Шиллер Мангеим щыкIуам Карл-Евгений ар игъэгъэтIысри, унафэ ткIии ищIащ усакIуэр Вюртемберг герцогствэм и гъунапкъэм ебэкъуэну, апхуэдэ дыдэуи зыгуэр итхыну хуимыту. Шиллер быдапIэ лъэхъэщым ирауБДэнкIэ щынагъуэ зэкIащ.

1782 гъэм и фокIадэ мазэм пщыхьэщхьэу Шиллеррэ и ныбжьэгъу музыкант Штрейхер Андреасрэ кIуасэри щэхуу Мангеим кIуахэщ. Мангеим театрым и унафэщI, егъэлеяуэ зызыгъапагъ барон фон Дальберг «Хъунщ Іакіуэхэм» спектаклым фейдэщхуэ къыхуихьами, абыхэм нэщхъыцэущ къаззрыІущIар. «Фиескэ Генуе щищIа зэгурыІуэныгъэ щэхур» пьесащIэм Мангеим театрым и актерхэм къаззрыхуяджами, дзрэжэгъуэ нэхъ къиртакIым. Актерхэм пьесэр ягу ирихьыщакъым. Шиллер и Іэхуэм узыщыгуфIыкIын хэльтэкъым - ахъшэнэшрэ зыкъуэпсэукIын имыІэу, и закъуэу хамэ къалэм къыдэнат. Шиллер и ныбжьэгъу Штрейхер иІыгъа ахъшэ тIэкIур кудрэ урикъунт, псынщIэу къызэщIэжащ. Аванс къиритыну Дальберг елъэІуат, ауэ къиргэщIэхъуащ. Сытми, зыкъомрэ гугъу дехьауэ, Шиллер «Фиеско» пьесэр къытрырегъэдзащ, ауэ абы къыпэкIуа ахъшэр и щIыхуэхэр итыжьину ирикъуа къудейщ.

И насыпым кърихьэкIри, Шиллер Мангеим щыхуэзащ пщы гуащэ фон Вольцоген, ар Шиллер Академием къыдыщIэса и ныбжьэгъу гуэрым и анэт. ЦIыхубэм Шиллер иритэблагъэри, усакIуэр абы и кIуажэм кIуащ икIи, Карл-Евгений герцогым зыкъримыгъэщIэн щхьэкIэ, и унэцIэр ихъэжащ.

Иджы, ахъшэ къэлъыхъуэным хэмытыж Шиллер хуиту литературэ лъжьыгъэм зритащ. А зэманырщ абы щитхар хъыджэбз хъунейсызым уэрэд щIэрыІуэм хуищIа лъагъуныгъэ насыпыншэм теухуа «Луизэ Миллер» пьесэщIэр.

А лъэхъэнэм нэмыцэ актерхэм я нэхъ лъэщ дыдэу щыта Иффланд и чэнджещIкIэ, Шиллер «Бзаджэнаджагъэрэ лъагъуныгъэрэ» зыфIищажа «Луизэ Миллер» 1784 гъэм ягъэуващ. Энгельс зэрыжиІауэ щытащи, «Бзаджэнаджагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ» феодал властхэм щысхьыншэу ягъэпщылI цIыхубэм хуитныгъэ гуэри зэрамыІэм теухуа яп политикэ драмэщ».

Шиллер и творчествэм, абы урыс тхыпъеджэм дежкIэ иІэ мыхьэнэм тетхыхьахэщ Белинский, Добролюбов, Чернышевский, Салтыков-Щедрин сымэ.

УсакIуэ уахътыншэм и тхыгъэхэр урысыбзэкIи, ди къэралым щыпсэу пьэпкъ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэм я бзэхэмкIи зэрадзэкIащ.

Иужьрей илъэсхэм Шиллер сымаджэрилэурэ екIуэкIащ. И тхьэмбылым щIыпIэ хыхьэри, и ныбжьыр илъэс 45-м иту усакIуэр 1805 гъэм и накъыгъэм дунейм ехьжащ.

УЭРЗЭЙ Афлик.

ШИЛЛЕР Фридрих

Зэрыпхъуакіуэ

Мэпхъэр си губжьыр ун лъэужьым тету,
Зэрыпхъуакіуэ,
Къунхыну и нэлатыр
И пащхьэм уиту
Ди Уахътыншэ Къэгъэщіакіуэм!

Мазэгъуэ изыр щхьэщысыкIыу щыгум,
Вагъуэ бжыгъэншэхэр къыщIилъэкIэ си нэгум,
ПщIыхьэпIэ хъарпшэрхэм, сыкъауфэрэзыхьу,
Ун теплъэр, зэрыпхъуакIуэ, къысщхьэщахьэ.

Сигъэгузавэу шынагъуэм.
КъызыэощIэжри абы щыгъуэм,
Ун теплъэр сщIыуэ хэутэн,
ИзофIэ нну жэщыбгъм и тхьэкIумэм
ЖыСIэхуакIэ си гур къезыгъакIуэ
Ун щIэ угъурсызыр, зэрыпхъуакIуэ!

Жьэдитъэфным хуэдэу бгыжьыр,
Толькъуным нну нущIауэ и жьэр
Сэ къысподжэж, борэнри Іэлу
Мэдалъэ, кьишэу ун Жкалъэр,
Лейр кьыщIамыгъакIуэу,
Уахьыну ахьрэт жагъуэм,
Зэрыпхъуакіуэ!

Месыр, месыр, къьпхетхъыкIыр,
Джатэпэкі и гъуэгур пхищIыкIыу,
ИкIи мэкъугъыр, (ар зэхэпхрэ ди Щхьэщыгум
кьитым?):
«Феуэ, фуКIхэ псорн, фщIауэ егъу!»
ЗауэлIхэми ящIэжыркъым гущIэгъу.

УІэгъэ гызхэм кьрагъакIуэ гур,
КIнйхэм я макъым зэщIищащ уафэгур,
ФыкъыкIэпIтъи пшэ зэрызехьэхэм,
Фи бын зэрыныкIыжхэм фепIтыт, ди тхьэхэ,
Тхьэхэ, ефхьыну фи нэлат
Залымыгъэм куэд щIауэ кьнлэжьат!

Залымыгъэм пагэу ечыр и лъэр,
Кьыхех бахъэр ящкIаухэм я лъым,
Кьемэт кьэблагъэм и хьыбарегъащIэу
Зэрыпхъуакіуэм щхьэщэ худгъэщIыр!

Зэрыпхъуакіуэ, зыхэлъыр сыг ун щэхур -
И хъуэпсапIэр залымыгъэм?
Кьыщыбгъэбатэу кьырыр уафэ нэхум,
Кьуршыбгъэр бгъэшынэн ун гугъэ?

Ун текIуэныгъэм унгьэчэфу, уригушхуэу,
Къэбзэуахэм хэзту я сахуэм,
Ухэпльэныр бгъэлыда мафIэсым
Ара ун хъуэпсапIэр зэгупсысыр?

Дуней кIэзызым и фэр
Щэхуу пихуауэ залымыгъэ зефхьэм
Кьыфхуэльагъынукъым пщIыхь нэхуу
Жэнэт хадэу ди гум кьыщыгъагъэр щэхуу!

Кхъухь вгьэльэта хуэдэ хьэрщ гьунапкъэншэм
Зывыгъэтету хэвутIыпщхьэм щIы хьурейр,
Кьыфщыхъужьынущ фи зэфIэкIыр щIэншэу,
Фи Іэмыщ Іэм ивгъэтIысхьа дунейр!

Уафэ тахьтэм фыкьынтIысхьарэ,
Зыкъэфтъытгэжу Уэхьийуэ,
Фыкъыхуеплъыхьынущ жыжьэу щыгум,
Фрипагэжу ар зыхэвдза бэлъхьым!

Мывэ къебдзыхьм къыр абрагъуэм,
Икудэм жэнэт хадэм и гъэгъа алэрыбгъур,
Хамэ къаалащхьэхэм я мафIэу
Щыбгъэужьыхьыжьым уэгум вагъуэр,

МафIэ гъуэжьынIм нуфэм уэгур,
МафIэр къэпфыхьу къэгуфIыкI ун нэгур!
Ущіохъуэпс мылIэжьынпсэ -
Дуней псом щIрет абы и уасэр!

Пэжщ, зэрыпхъуакIуэ, ухъунущ уэ уахътыншэ!
Абы щогугъыр, аращ зэжьэр лъыжьыр,
Йожьэ фызабэхэр, сабий зеиншэр
Уахътынишагъэр къркIуэным ун Іэужьым.

Дэпъейт, зэрыпхъуакIуэ, уэгум,
ажал щыхэпсэ губгъуэу
Псы папщIэу лъы зыщIэбгъэльтьадэм
зыщIеIэтыр щыгъуэм,

Макъ мелуанхэм зэщIэжъугъэу,
ИращIэкI Іэрыкіым хьэдагъэ!

Абы нэхьри егъэгуфIэ нэгур,
бгъэм имыхуэжу кърегъауэ ун гур!
Іэлату къуахыр зэхьихьэжрэ жьыбгъэу уэгум
НилъадэрэІ пшэ фIыцIэхэр зэщIыгъуу
Зэхуахусыжмэ кІаІэту уафэгъуагъэр,
Я кьару шынагъуэр кьыпщхьэщахьэм,
Кьэпльагъуаныгъуэ Олимп и Іуащхьэр,
ИкIи уахьынут Эребыщхьэ!

Жьыбгъэ кьыкъуэум удэкIэзызу
зыплтьыхь, зэрыпхъуакIуэ,
Ун гъуэгу сабалъэр пхуэхъужьынущ щхьэкIуэ,
Гъуэгум телъ жьжьр ун кьэущхэм я сахуэщ,
Ажал тхьэлъэІуКI игьаькIуэу махуэр.

Псэхэр кьнгъэтэджыжу, кьемэтым кьоджэм Тхьэр,
МафIэ лъгъэу унхьэнущ и пащхьэм.
КьыхэтэджьыкIхуэрэ мафIэсым
Кьоджэжьынущ уэ бгъэнахэр псэуэ.

А макъэр жэщым хжжбзэжу,
Олимп щыгу дахым кьемэт тэрэзэр,
Зэпашэчыжри щыблжьауэ хъуар мы гъащIэм,
Уздагъэкіуэнум и унафэр ящIыр.

ГущIэгъуншэу бгъэна псэхэм я гъуэгуанэм
Утехьэнущ, ущыпшынэу я лъыр ящIэжьым
Зыри зи нэІэ щIэмыкI дыгъэ,
Мазэгъуэ жэщым и мазэ бзыгъэ.



Олимп щыгу щызэхуэса псэхэр, мелыІычхэр,
ЩIылъэм и тафи, и бгылъэ,
ЗэщIэтэджьэнущ щIэхъуэпсу ун лъым.
ШадзынущI абыхэм щысхьынщэу щыхупIэм
Ун тахьтэ апхуэдизу бгъэлъапIэр.

Абдеж, Олимп щыгум, Алыхьым и пащхьэм,
УщылъэІуэфынукъым упыхьэу:
ГущIэгъу кьыпхуащIыгукъым, лейр кьыщIэкIуэу,
Кьыпхуэгъунукъым зыри, зэрыпхъуакIуэ!

Си бгъэм мафIэ щызэщIэпльэм
Кьунх нэлатыр тэрэзэм тралъхьэм,
Ещхьу уафэр къехуэха мы щIылъэм,
ЕщIэнущ тэрэзэр, жьыхьэмэмкIэ унхьу.

ЗэщIэнщ итIанэ хъуэпсапIэу сиІа псор,
Кьыптехуэнщ нэлату кьунхар псэм.
ИкIи зэгъэжауэ си гур,
ГуфIэгъуэр щысIэтынщ мы щIыгум!

1777

Нэхумрэ хуабэмрэ

Дунейм кьыщытехьэкIэ цIыхур,
ИгьэгуфIэу гугъапIэ нэхум:
ЩIилъагъуну ихъуреягъкIэ
И хъуэпсапIэфIхэр щIэкIыу нэгум
ЩIилъагъункIэ гугъэу мы щIыгум -
Мурад дахэр щыуцэу и псэм,
Прехьэжьэ пэжым фIэхъусыр.

Ауэ куэд дэмыкIыу, кьызэрищIэу
Ихъуреягъыр щIыІуэпщIышэ защIэу.
Мурад ещIыр химыгъэтIасэу,
Іэмал иІэм къригъэлыну и псэр,
И мыл чэщанэ пагэу закъуэныгъэм
ІункIыбзэ етакIэ щIегъэпщкIуэж и лъагъуныгъэр.

Пэжым и нурхэр кьыщIолыдыкI чэщанэм,
Дэтхэнэ бзийри дэн жьэражьэу кьызэщIэнэу.
И насипщ дунейм щхьэр кьэщIэным,
И гур щIимыгу кьызыкIэнэм.
Мы ди гъащIэр мыл щIыІэ зыхэсым
Уи хъуэпсапIэм и нурхэр хэгъапсэ!

Апхуэдэхэр йохыжыр дунейм щхэуу,
Псэуми Іамя зым кьафIэмыІуэхуу.
ЩIэхъуэпсам ищIыну унагъуэ,
Адэ хъунымк щIэхъуэпсу,
Пасэу кьэзышам щхьэгъуэсэ
ЗнгъэпIинныр фэуэнму,
Зэхуехьэс псэуху кьарухэр щыму.

Жыг лъэдийр докIей уафэм нэсу,
КьудамэщхьэчантIэхэм дыгъэнэ кьапхыпсу;
Тхьэмпэхэр нэсыс, сагъызыр кьапхывыкIыу,
Ауэ жыгым пхъэщхьэмыщхьэ кьыпымыкIэ.
Жэщыр теІубауэ жылэр хатъхьэм щIым,
Жыг кьокIыкI, телъу мэзым и напщIэм.

ГугъапIэ

Дунейм тетыху мэгугъэ цIыхур
ГъащIэр кьнгъэІурыщIэну.
Игу иреПъхьэжьыр мурад нахуэу
КьыхунухэрнасынатIэ ищIыныр.

Насыпыншагъэм и лъэужьым
Насыпкьнувэурэ зэкIэтхъэужьу
Махуэхэр макIуэ, ежьэу нэхъыфIым,
КIапсэлъэрышэрэ загъэІумпIафIэу.

ЦIыхур гъуэгум тезышэр гугъапIэрщ,
ЗыгъэнэщхьыфIэр аращ сабийр,
ЩIалэр егъапльэ гъащIэ дыгъапIэм,
ЩIигъэгугъ защIэу и дыгъэ бзийм.
Уахътыншэу щIылъэм и дыгъэщхэр
Йогъуаутъхьэр лIыжьым щыгъэуу кхъэ мащэм.

Гугъапіэ нэщIкъым сабийм и гъусэу
Гущэм хэль гугъэр щIыхьыхэр и псэм.
Тхьэгурымагъуэу кьыдджеІэ ди гум
ДынэсыфIыжу насыпым и щыгум!
Абы ди гущIэм жыгIэ щищIыр
Кьытхуоблэр ужьыхьыж имыщIэу.

1797

Хъыджэбзым и тхъэусыхэ

Жьыгей тхьэмпэхэр мэІущащэ,
Пшэхэр щхьэщосыкIыр уэгум,
Псы Іуфэм Іусу нэщхъей пщащэм
Псым и толъкъунэр кьопэщщ и лъэгум.

Пшапэ зэхэуэм
Хощатэ пщащэр хьэтъэу,
Нэ къэпльыжьахэм
Нэпс кьыщIолъэтъыр.

«ЖуІащ си гур,
СфIэЗэфIыжкъым дунейр,
Иджы щыІэжкъым
Зыри сызыкуей.
Еджэж ун ихъум и псэр, ди Тхьэ лъапIэ,
Кьысльыысыр сэ мы щIым къэзгъэщIакIэщ,
СыщIэпсэуа си лъагъуныгъэр яукIакIэщ».

«Ежэхми нэпсыр Іэубыдыпіэншэу,
Зыри лъэмыкIыну кьаруущэщ,
ЛIэжьаэм зэхахьнукъым ун гызыр,
КьысхуэІуатн ун гур зыгъэузыр,
Хуэсщ Іэфынур ун лъагъуныгъэ яукIам,
Сыпхуэхъунщ сэбэн зэрысху гъэкIкIэ».
«Хуейми нрекъарууншэ
Си нэпсыр, кьрежьх Іэубыдыпіэншэу
Зэгуэр лIэжьаэм я псэр

Кьыхуэмыгъэушу!
Ауэ, ди Тхьэ лъапIэ, мыр зэгъащIэ,
Абыкіи дуней псом хъыбар егъащIэ,
Лъагъуныгъэ яукIам и ужькIэ
Псом нэхъ Іэфыр абы нэпс кьыпфIыщIингъэкIырщ».

1798

Сабийм и пщIыхьхэр

(ПСЭМ И МАКЪ)

Дэнэ сыщIыІэ, сыт си лажьэр,
Кьыпхуэлъагъужьыркъэ си ныбжьыр?
СыпсэуакIэ, лъагъуныгъэ сщIа,
Си фарз псорн щIым щызгъэззщIа?

УщIэупщIэнщ макъамэр зэрылъэлъу
Пхуэусэу щыта бзухэм я пшынальэм.
Ныжаіысри я уэрэдыр,
Бзухэр хьхьэжакIэщ гъэдэ-щIыдэм.

Къэзгъуэтыжа сфIэкIуэдауэ щытар?
Гъусэ щыхуэхъужа абы аргуэру си псэр,
Уагъэгузавэу уамытэщIатэу,
ЩIхьэусыгъэуэнщIэщ мыбдеж нэпсыр.

Фи дежи щыпIалъагъунущ уэ ди ныбжьхэр,
Сэ сэщхьу пщIамэ уэрн лъагъуныгъэ.
Абы си адэм и напэр щыкъабзэщ,
БэІутІэІухэм япэІэщIэу и псэр.

Абы къыщагъапцIэркъым адэм и гугъапIэр,
ЩIхуу вагъуэм нэр ягъэупІэрапIэу;
Дэтхэнэ гугъапIэм иІэжщи пщалъэ,
УатъоІэсыр, фIэщхъуныгъэ пхэлъым.

Хьэрш гьунапкъэншэм и гъуэгу уахътыншэхэм
Кьатьибогъъатэр псомн я жэуап.
ЗэІыпщIыкIыяь аргуэру щэм кьыщIэпхьхэр;
Гупсысэ куу ящIэлъщ сабийм и пщIыхьхэм.

1802

Псы Іуфэм Іус ныбжьыщIэр

Псы Іуфэм Іусу щауэ ныбжьыщIэм
Губгъуэм и нэщхъейхэр Іэрамэу зэхеухуанэ,
КIэлъоплъ, гъэгъахэр я архъуанэм хащIэу
ЩIауэскIэу зэрахьым толькъунхэм.
Блоплъэтхэр махуэхэр псыежьэхьу,
Тендзыгъыщхуэм хуэпIащIэ ифIэщIыну,
Мо гъэгъа хуэлэжьхэм ещхьу,
Си щIалэгъуэрн зэманым ехьыр!

Гъатхэ къэсам зыІэпишэу
Гуфіэжу псомн уэрэд кьыщрашкIэ,
ЩIэнэщхъейм и псэр ныбжьыщIэм,
СывольэІур, фыщIэмыупщIэ.
Макъ миникIэ зэщIэжьууэ пшынальэ
Кьыщегъэушри си псэм гьатхэм,
Гур, хуэмыІыгъажу бгъэ зэрылъым,
ЕгъэхьащIэ нэщхъеягъуэ хьэтъэм.

Кьызиткъым гъатхэм дэрэжэгъуэ,
СыщIымыгъумэ фIыуэ сІъагъум.
Сыхуэзэшу БпIэрэ щыхуэзущIым,
Мэкіуэдыжьыр здэкIуар сымыщIэу.
Мыбдежьым щызыхэзымыщIэу гуфIэгъуэ,
Кьоуэ гур имыІэу тепыІэгъэ.

«СыноплъэІур, си псэ, кьэбгынэ,
Бгы лъагэм пагэу тет чэщанэр.
Гьатхэм кьыхсхуныа уэз зэмыфэгъуэр,
Ун лъагъуэм тезубгъэунущ алэрыбгъуу.
УщысщIыгъум нэхъ нэху мэхъур псыр,
Бгы уэрэдыр нэхъ кьыхохьэ псэм.
Унэ зэврн нэхъ Іэхунтъэхунтщ
ЩIыщIэсым фIыуэ зэрыльъэгъуанті».

1803

Бгы уэрэд

ЩIыхупIэ лъагэм и нэзым
Іуту йожэкIыр лъагъуэ бгъэузэр;
Йныжьхъэм яхъумэ а лъагъуэзр,
Ажалми щищIащ абдежьм абгъуэ.
Кьыгуэун хьэзырщи мывэжь абрагъуэр,
Умысакъмэ, гъуэгур шынагъэущ.

Лъэмыжым, пхъэхьу гъэшауэ,
Зэпещ Іэ я кIапэхэр къуршхэм;
Лъэмыжыр трилъхьэркъым лIэныпсэм,
Уахъты зиІэр абы пхуеІуЕсэн?
И лъабжьэм щIахыр псыр толькъунхэм,
Лъэмыжыр тращыну щIэкъуэу.
Абы ублэкIмэ, зэІухауэ хъужьэу
Куэбжэ щытым щызэблоуэхэр ныбжьхэр;
Абын уаблэкIыфмэ, ауэ дахэщ,
ГуфIэжу бжьыхьэр щыдэджэгуу гьатхэм.
Псэр псэухукIэ хъуапсэу зыхуэпIащ!
Лъэкіамэ, гъащIэр къэпльэтэнут мыбы занщIэу!

Псыежьхиплыым я макъыр щогъуагъуэ -
КьыздикIыр зымн кьыхуэмыльагъуу;
Зыр мажэ къуэкIыпIэмкIэ, зыр кьухьэпIэмкIэ,
ХуэпIащIэу жэщыбгъым, хуэпIащIэу щэджагъуэм,
Зэгъуэсу кьыщIэжми, щIым кьыщытехьэкIэ,
Зэхожри, щхьэхуэу кьалъыхьуэ я гъагъуэр.
Зэхьыхьэжьынукъым псыхэр игъащIэкIэ,
КьикIуэтыжьынукъым зэн псыкIэмкIэ.

Жьыжьэу, жьыжьэу уафэ тхьэху лъащIэм
ЩIэт къыритIым я щхьэщыгуэр пшэхэм хащIэ,
Йолъэгэкіыр кьырхэр щIылъэм щызэрахьэм;
Пшэ дыщафэхэм кьыритIыр кьафыхьыр.
Хьэуар макъ гуакIуэм зэгуигъэзу,
Уэрэд кьрашыр хур хъыждэбзхэм.
Иджыри кьэсхІэ зымн и пльэр
Нихусыфакъым абы, икIауэ щIылъэм.
Нэхутхъэхуу, нурыр нэгум кьнщу,
Тахьтэ уахътыншэм исщ пащтыхь гуащэр;
И пащтыхь ныІым хэс налкъутналмэсэр
Нэкіу дыхьэрэным зэщIэлыдэу щIопсэ.
Дыгъэ зыри щыхуэныкъуэкъым абы,
Кьепсу щытми, кьхымихьыу хуабэ.

1798

Зэзыдзэкіар **УЭРЗЭЙ Афлинкщ.**



АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Бзэрабзэ, ди бзэу дахэкIей!

Хэкум и цIэр фIыкIэ къэзыIэтыну, ди бзэ дахэр ину зыгъэIуну зыщыгугъ щIэблэщ Налшык къалэ дэт гимназие №14-м щрагъаджэр. Анэдэлъхубзэм и махуэм теухуауэ мыбы маэз псокIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щекIуэкIыну. Ди усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1кIэр нэхъыбI1у зэрыгъащIэхэм я зэпеуэ, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я «Хэхъуэ, гъатэ, си Хэку дахэ!» зэхъеэзэуэр, нэгъуэщIхэри купщIафIэу къыхэрагъэпэщащ гимназием и лэжьакIуэ Ефэнды Марьятрэ Хьэмырзэ Заретэрэ.

ПСОРИ къыщыдэщIакъуэжа «Си бзэ - си псэ, си дуней» пшыхь дахэр сабийхэм гукъинэжу ирагъэжIуэкIащ.

FIэхъус апщий,
Адыгэ Хэку!
FIэхъус апщий,
ди лъэпкъ дахащэ!
ЩIэкIаУ зыщтми куэд уи нэгу,
Иджыри Iэджэр
уи гуращэ!
Тетыху адыгэ мы дунейм,
Птеузэнкъым, Хэку,
уэ зеиншафэ!
Бзэрабзэ, ди бзэу дахэкIей!
Уээпымыу, адыгэ кьафэ!

Мы псалъэхэмкIэ зэхъыхьэр къызэIуахри, ефакIуэхэм ирашэжьащ джэгу еклур. КъыкIэлыкIуэу ущыхъуи кьеблагъэ 2-нэ классым щеджэ Тхъэзэпльыж Анатолий Балэ Милан нэрэ, 11-нэ классым щIэсхэу Шыбзыхъуэ Тамерланрэ Понэж Марьянэрэ. НыбжьыщIэхэм дахэу, щIэщыгъуэу ирагъэкIуэжащ зэхъыхьэр.

«Ди адэжь-анэжьхэм я бзэ дахащэмкIэ дэ дыгъэми, маэзми, псэущхьэми, къэкIыгъэми допсэльэф, абыхэм я гъусэу донэщхьей икIи догуфI», - жиIащ Анатолэ. Абы и псалъэм щыхьэт теухуэу, Мысостышхуэ Айдэмыр Нало Заур и «Нанэ и псэ, дадэ и бзэ» усэм кьеджащ.

ЕтIуанэ классым щеджэ Щоджэн Тамерлан тепсэлыхьыжащ Къэжэр Хьэмид и «Чэнджэщ» хьыбарым. Гур хэхъуэрт щалэщIм и анэдэлъхубзэр Iэзэу зэрыгъэшэрыуэр щыIэзэхпкIэ. Шорэ Данэрэ Дыгъужь Иланэрэ ягъэзэщащ «Къэбэрдей», «Си Къэбэрдей» уэрэдхэр. Хэкум, лъахэм нэхъ льапIэ зэрыщыIэмыIэр зи лъабжьэ а уэрэдхэм щалэгъуалэр нэхъ щIэх-щIэхыуэ щIэдэIумэ, щIынальэм нэхъ хуэгумащIэу кьыдэжIуэтенкIэ?!

Гимназием и ефакIуэ нэхъыжьхъэм ягъэлъэгъуащ «Бзэм и кьарур» театр теплъэгъуэ кIэщIыр. Пасэрей алыдж хъыбарым кьытращыкIа спектакль щыкIум и гупсысэ нэхъыщхьэр бзэм нэхъ IэфIи нэхъ дыджи зэрыщымыIэрщ. ЕфакIуэхэм кьагъэлъэгъуэжащ алыдж хэкупщ, философ Ксантрэ абы и лIыщIэ Эзопрэ я зэхъущытыкIэри иужьрейм и Iущыгъэри. Шхыныгъуэм я нэхъ IефIыр, абы кьыдэжIуэуи ерыскьыгъуэм я нэхъ IейР ипщэфIыну Эзоп и пщэ кьыщыдалъхьэм, ар куэдрэ гупсысатэжьмк: тIум щыгъуэми бзэгу гъэва Iэнэм кьытрилъхьащ. ЛIыщIэм апхуэдэу щIищIам и щIагъыбзэр Iэзэу яIуэтэжащ ефакIуэхэм: «Бзэгум нэхъ IефI мы дуней теткIым. БзэмкIэ щIыхъуэм фIэхъус зэрах, Iуэху куэд зэфIагъэкI, нэхъ тэмэму жыIпIэ-мэ, бзэм ирызэгуроIуэ. Бзэм и фIыгъэкIэ я зэралхэм я Iуэхур зэтоувэ, лъэпкъхэм я псэукIэми, щэнхабзэмри зауэжь»; «Бзэгум нэхъ Iей мы дунейм тет?! Бзэр кьагъэсэбэпри, цIыхуэхэр зэфIонэ, кьызэрогъащIэ, зым адрейм и жагъуэ ещI. Бзэм зауэ кьиГъэхъеифынущ, кьалэхэр, кьэралхэр зэтрикъутэфынущ».

- Мы теплъэгъуэ кIэщIымкIэ дэ жьитIэну дызыхуейр бзэм куэд зэрыхуэзэфIэкIыщ. Цыхур егупсысыпхъэщ жиIэм, щIыжиIэм, щыжиIэм. Арыншамэ, фом хуэдэу ди бзэ IэфIыр зэзым ещхьу дыдэку кьыпхущIэкIынри хэльщ. Бзэм дыхуэвгъэсакъ, дывгъэхъумэ. Зыщыдвмигъэгъупщэ - бзэм куэд хуэзфIокI, - жиIащ зэхъыхьэр езыгъэжIуэкIа Понэж Марьянэ.

Усэхэм гъэхуауэ кьеджащ Апажэ Дианэрэ Щоджэн Мадинэрэ. Пшыхь дахэр зэхуащIыжащ джэгуркIэ.

КъызэгъэпэщакIуэхэми ефакIуэхэми фIыщIэ яхуищIу кьэпсэльащ гимназием и унафэщI Жамборэ Риммэ. «Дахэ дыдэу, гум хьихьэу зыкъэвгъэлъэгъуащ нобэ нэхъ цIыкIуэхэми ефакIуэ нэхъыжьхэми. Уолъагъу анэдэлъхубзэм фи псэр зэрыхэфIлъхьэр. Фи фIэщ фIщы, зи бзэ, зи хабзэ, зи щэнхабзэ фIыуэ зыпгаГъуэ цIыкIуэ кьабзыпхъэфынущ. Дуней псом кьыщалытэ адыгэ хабзэм, адыгэ нэмысым щапхъэ трахыу адрей лъэпкъэхэр къэгъэгугъэрыкIуащ. Абы фIыкIуэ, фи Хэкум, фи лъэпкъым папщIэ фи щхьэр лъагэу Iэтащ, сыт хуэдэ Iуэхум зевмыпщытми, фIым фрителъхьэу дунейм фытетыну си гуапэщ», - жиIащ Риммэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

ГуфIэгъуэр я нэгум къощ

Хэку зауэшхуэм СССР-м ТекIуэныгъэр кьыдэрыщихьрэ накъыгъэм и 9-м илъэс 68-рэ ирикъунущ. Мы гъэм етIуанэу а махуэ лъапIэм трауХуащ къэралыгъуэщхуэм и щIыналъэ куэдым щыпсэу цIыхухэр зыхэт автомобиль зекIуэр.

УРЫСЕЙМ, Белоруссием, Украинэм, Приднестровьем щыщ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зыхэт гупым и иджырей гъуэгуанэм къыщыщIидзар Севастополь Къалэ-ЛIыхъужьырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым «чырэр» гъатхэпэм и 30-м къэсащ.

Нашлык ХьэтIохъущокъуэм и цIэкIэ щыIэ зыгъэпсэхуупIэ паркым ит МафIэ мыужьыхым дэж хьэщIэхэм къащыпэплъэрт рекуплыкIэм и министерствэ зыбжанэм, кьалэ администрацэм, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, еджакIуэ цIыкIуэхэр, журналистхэр. Зэхуэсым къекIуэлIахэм я гукъыдэжкIар хэпщIыкIыу къИэтащ зыгъэпсэхуупIэ паркым и духовой оркестрым. Абы макъамэм зыщригъэIэтым, пэкIум къекIуэлIахэм къагурыIуащ автомобиль зекIуэм хэтхэр кьыдэрысар.

ХьэщIэхэр утыку кьраша нужькIэ, хъуэхъукIэ абыхэм захуигъэзащ КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгуХьэныгъэхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин.**

- Мы IуэхугъуэмкIэ дэ псоми дызэгъуэзу диГу кьыдогъэкIыж Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм биим псэемыблэжу ди къэралыр ящызыхъума ди нэхъыжьыфIхэр, - жиIащ абы. - КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Парламентым, Правительствэм я цIэкIэ нобэ хьэщIэ тхуэхъуахэм фIэхъус гуапэ фыдох! Мыдрейуэ, ди ветеранхэм иджыри куэдрэ фытхуэпсэуну дыныВохъуахъу!

- Ди адэжьхэм Хэкур щахъумэм зэрахьа лIыгъэр зыхуэдизыр къытщIэхъуэ щIэблэм иджыри зэ яГу къэдгъэкIыжынырц ди зекIуэм и мурад нэхъыщхьэр, - жиIащ гупым я нэхъыжь, Украинэм щыщ Слюсаренкэ Олег. - ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, Зауэ щIыхьым и кьалэ 90-м щIигъу къыхэзэхъуIухъынущ. Иужьу дыкъыщыувыIэнкр Мэзкуущ. Абы накъыгъэм и 9-м щекIуэкIыну махуэщхуэ парадым дэри дыхэтынущ икIи дызадэщIа щIыналъэхэм я ныпхэмрэ къызэпытча гъуэгуанэм и картэмрэ дгъэлъэгъуэнущ.

МафIэ мыужьыхым деж щекIуэкIа пэкIум къыщыпсэлъахэщ Налшык кьалэ администрацэм и унафэщIым и къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Кладко Игорь, КъБР-м, Налшык кьалэм я ветеран зэгуХьэныгъэхэм я тхьэмадэхэу Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэдрэ Абдуллаев Мустэфарэ, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм дакъыкъэкIэ яхуэщIыгъуэ нужькIэ, къызэхуэсахэм щэ щIэкIыу, утыкум кьрахьащ автомобиль зекIуэм кьыщыздрашэкI, зи кIыхьагъыр метр 200 хъу, ТекIуэныгъэм и бэракъыр. Слюсаренкэ Олег и кIыхуеджэныгъэкIэ, нып плъыжьышхуэр пэкIум кьекIуэлIа псоми, абы властым и лэжьакIуэхэри, ветеранхэри, еджакIуэ цIыкIуэхэри яхэту, яукъуэдиящ. 2013 гъэм накъыгъэм и 9-м Мэзкуу щекIуэкIыну парад иным мы бэракъри щагъэльэгъуэнущ. Абы и къжьдэ, ар Хэку зауэшхуэм и Музей иэхъыщхьэу КъалэлIыхъужьым дэтым иратынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ужькIэ, «Ди ТекIуэныгъэ Иныр» автомобильзекIуэм Осетие Ищхьэрэ-Аланием иунэтIынущ. ИтIанэ ар Осетие Ипщэм кIуэнущ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Асльэн ейщ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Москва и спортсмен нэхъыфI Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысеймрэ Европэмрэ пашIыныгъэ кьыщыхьыну, спортым дунейкъэ класс зиIэ и мастер Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ, «Псоми я Урысей» порталым и корреспондентым щепсэльыIэм кьыхигъэщащ ар спорт гъащIэм ауэ сытми зэрыхэмытыр, атIэ псэкIэ и гъунэгъу цIыху куэд кьызэрыщыгъуэр.

- Сосрыкъуэ, уэ Москва и спортсмен нэхъыфIу укъалъытащ. Ар дауэ зэбгъэхъуIа?

- Си ерыщагъэм кьыдэкIуэу кьыщIэкIынущ. Илъэсипщ1 ныбжьым сызэритрэ спортым зэпымыууэ сыхэтщ. Зэман лей щызиIэ кьыщыхъур зззэмызэщ: пшэдджьжьым сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 13 хъуху тренировкэхэр изогъэкIуэжI, пщыхьэщхьэми ардыдэр кьысполлэ.

- Иджырей льагапIэм уиусын папщIэ сыт хуэдэ зэпеуэхэм упхыкIа?

- ЯпэщIыкIэ Москва щекIуэкIа кьыхъхыныгъэ зэхьэзэхуэм сыхэтащ икIи текIуэныгъэр кьыщысхащ. ИужькIэ, гъэ кIуэм мэлыжьхьым и 5-м, Урысейм пашэныгъэ кьыщыхьынымкIэ щыIа зэхьэзэхуэм чемпион сыщыхъуащ. КъыкIэлыкIуэу мэкъауэгъуэм Европэм и дыджрэм бэнэкIэмкIэ щекIуэкIа зэпеуэм Урысей Федерацэм и щIыхьыр щыхъхъумэну сагъэкIуати, чемпион сыщыхъуащ. Зэхьэзэхуэр щекIуэкIащ Хорватием и Загреб къалэм. «Москва и спортсмен нэхъыфI» щIэр ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу сыхсхуагъэфщащ.

- Хэт уи гъэсакIуэр?

- Бэнэным гупыж хуэззыгъэщIар си ап1э тренер Тезадэ Хьэсэнщ. Иджыпсту Къардэн Анзор сригъэсащ.

- Адэ-анэм уи мурадхэр кьыбдаIыгъ?

- Шэч хэмылъу. Си адэр мыльуамэ, спортми сыхэмыхьэхэнкIэ хьунут. Ар езыр штангистуц щытащ. Ныбжьэгъуи гъэсакIуи схуохьу. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ сымыкIуэми, си адэр сщIыгъуц. КуэдкIэ кьызэрысщыгугъыр кьызгуроIуэри, зэрызмыгъэщIэхъуным иужь ситщ.

- Гурыуэгъэщ фи унаГъэр спортым зэрыпыщIар. Унагъуэ ухъумэ, уи быхъэри спортым хьихьэну ухуей?

- ЗкIэ бын сиIэкъым, ауэ Алыхым къуэ кьызитмэ, илъэситху зэрыхъуу спортым хэщIэну си мурадц: яп1э щыкIэ гимнастикэм, итIанэ псы есыным. АджкIэ есым кьыхэхъхьжынущ и гум кьищтэ спорт лIэужьыгъуэр. Дэтхэнэ нэхъ кьищтэми, си адэм сыдэзыхьэхыр кьызэрысхуигъэдахэм хуэдэ дыдэу, сэри абы кьыхихьм арэзы сытехьэуэнущ.

- Москва спортсмен нэхъыфI уэрыщыхъуам нэмыщI, уэ нтеуэхуауэ дызыщыгъуазэр мащIэ дыдэщ. Дэнэ ущыщ?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым, Бахъсэн къалэ сыщыщIц.

- Дэнэ ущеджэр?

- А упщIэр сэркIэ гугъу гуэрщ. Яп1э щыкIэ сыщIэтыхъкIащ КъБКъУ-м и юридическэ къудамэм. АрщхьэкIэ а Iэщагъэр сысейуэ зэрыщымытыр кьызгурыIуэжащ. Спортыр Iэщагъэ схуэхьумэ тэмэму къэслъытэри, Москва физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и инструктым и етIуанэ курсым зезгъэдзыжащ.

- Уи дежкIэ щапхъэ, зи екъулIэныгъэхэм ущIэхъуэпс спортсмен щIэрыIуэхэр щыI?

- Ахэр куэдщ. Хуабжьу сигу ирохь Хъущт Аслъэнбэч, Махуэ Билал, Сайтиев Бувайсар сымэ я бэнэкIэр.

- Зи пI э кьынIуахэр Олимп льаганIэхэм нэсахэщ. Абы хэм ящыщ ухъуну ухуей?

- Дауи, си и ягъэкIуэ Олимп чемпион сыхъуну. Ауэ, абы сынэсын щхьэкIэ иджыри куэдрэ ерыщу зызгъэсэн хуейщ.

● Фэеплъ

Апхуэдэхэрт гъащIэ зыхуэфащэр...



Псыгуэнсу кьуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м щекIуэкIащ Шэнэ Республикэм дэ кьулыкьу щызыгъэщIэу гуэзу хэкIуэда Црым Арсэр Анатолэ и къуэм. Фэеплъ пхъэбгъу кьыхуэзIухьным теухуа зэIущI.

АБЫ КЪРИХЬЭЛАХЭЩ УФ-м Кьэралкъуэ IуэхуэхэмкIэ и министерствэу КъБР-м щыIэм, Ар-уан куэйм и дзэ комиссариатым, кьулыкьу щрихьэкIа дзэ Iэна-тIэм, районым и щIыпIэ самоуправлением и Советым, кьуажэ администрацэм я лIыкIуэхэр. Црымэ я нухъыжьхэр, Iыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр.

ЩIыхь, напэ, нэмыс псалъэхэм я мыхьэнэ куур куэдым IэщIыб щащIа мы лъэхъэнэ гугъуэм фIым и гуаэзу кьыхэна ныбжьыщIэхэм ящыщт Артур. Пасэу зи адэр дунейм ехыжа щIалэ щIыкIур цIыхугъэмрэ хабзэ дахэмрэ щапIыкIат и анэшхуэ Заружанрэ и анэ Iэминатрэ. Абыхэм я гугъуехьри псыхэкIуадэ хъуакъым: цIыхухьу нэхъыжь зыщхьэщымытыж унагъэхэм кьытехуэ кьалэм псори ягуэалыныгъэ ин яхэлъу яГъэзэщIэм яхуэзфIэкIырт гъащIэ гъэгу гъэмэ трагъэува зэкъуэщ щыкIуитIым. Артур зэрысабийр зыщIэхъуэпса дэ кьулыкьым сыт и лъэныкьуэкIи хуэфащэ: и унагъэмрэ ныбжьэгъуэмрэ фIыуэ илъагъурт, гугъуехьым щыщынэрт зкъым, адэжь лъахэр хьэмэныр псом ящхьэу кьэзылытэ щIалэт.

2005 гъэм фIы дыдэу курыт еджапIэр кьиухри, Црымыр Совет Союзым и маршал Соколовскэм и щIэр зэрихьэу Новочеркасск дэт дзэ институтым радиосвязьмкIэ, радиоэлектронэмрэ телевиденэмкIэ и кьудамэм щIэтIысхьащ, инженер IэщIагъэр зригъэкъуэтыну. Еджэным лэжьыгъэри дэзыхь щIалэр илъэситхум кьрихьбыдзу взводым и командир кьулыкьум нэсын хуэфIэкIащ. КьицынэмыщIауэ, Iэпщэрыбанэ заузмкIэ, кьэжэнымкIэ спортым и мастерт, яп1э категорие зиI э судьят. А псоми кьадэкIуэу, дзэ щIэныгъэ обществэм тхыдэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, экономикэмкIэ и кьудамэм хэтт.

2009 гъэм Артур кьыхуагъэфэщащ Потанин Владимир и щIыхькIэ ягъуэва стипендиер кьэлъжьыным теухуауэ унагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм и диплом.

Крымым лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ухратащ «За отличие в службе», «Участник боевых действий», «Ветеран боевых действий» медалхэр, «За отличие в службе ВВ МВД России» дамыгъэр.

2010 гъэм, лейтенант цIэр кьыфIащри, Артур Дон Iус Ростов кьалэм и МВД-м ягъэкIуащ. ИужькIэ, кьыхуащIа унафэм тету, абы Шэнэм Республикэм щыIэ 46-нэ опербригадэм и ягъэкIуэкIэ зэхьэзэхуэм щIэныгъэ щIидзащ, майор кьулыкьр иIыгъыу. ЩIалэ жьыдэрыр зыхэт гупым фIыуэ кьалъагъурт, дзыхь кьыхуащIырт, щытхъу пылъу дэтхэнэ кьалэнри игъэзащIэрт...

2012 гъэм, шышхьIу маэм и 6-м Црым Артур зэкIуэдащ, щIэпхьаджащIэхэм яп1эщIэту. Апхуэдэ гуэвэгъуэр нэгъэщI унагъуэхэми имыхьэн папщIэ, хьэщIэхэм бысымхэми щIалэгъуэлэр кьыхураджащ мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, нобэ Кавказ псор зыщIэгуэлэ къуэп зэрыукIыж зауэр зыублахэм яп1эщIэтыну, абыхэм зыщащхьэмэну.

Кьызэхуэсахэр щIагъэдэIуащ Артур усыгъэ мардэм тету и анэм кьыхуитхыу щыта письмохэм. ЩIалэм и дэтхэнэ зи сатырми кьыхуэнырт дзэ кьулыкьым и мыхьэнэмрэ Iэщ1эзыIыгъ зауэлIым и кьалэнхэр зэрыгъунапкъэнщэмрэ, псом ящхьэращи, ахэр мамырыгъэм зэрихьумакIуэр.

БАЛЬКЬЫЗ Людмилэ,
Псыгуэнсу кьуажэм дэт курыт школ №1-м и егъэджакIуэ.

Газыр зыдыгъуэхэр къагъэтащ

Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, газыр тезыгъашэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм зэщIыгъуу кьэпщыгъэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым кьыщIагъэщащ Налшык кьалэм и Калюжнэ уэрамым тет унэ №11 «а»-м деж ирикIуэ бжьамийм гъэпщкIуауэ кьыхэзыпIэ зэрыхуащIар икIи газыр кьадыгъууурэ административнэ унэхэр зэрагъэпэлъыр.

ГАЗЫР зэрадыгъум кьыдэкIуэу, ар кьэуэнымкIи икъукIэ шынагъуэщхуэ щыIэт, газ кьыхэшыпIэр ягъэува хабзэхэм зыкIи кьызэремызэгъым кьыхэкIыу.

«Газпром Межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и кьудамэу КъБР-м щыIэм и Iэщ1агъэлIхэм кьызэрабжамкIэ, мы Iуэхущ1апIэм ЗкIыныгъэу сом 1 мелуанэр мин 700-м щIигъуэр ираташ.

Уголовнэ жэуапым кьуанщагъэ зылэжьахэр ирашэлIэн папщIэ иджыпсту мы Iуэхур зэхгъэкI.

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Зэраубзыхуам тету

КъБР-м и прокуратурэр мы гъэм и яп1э мазихым зэрылэжьэну планым и 13-нэ пунктым ипкъ иткIэ, цIыхухъэм я узынщагъэр хъумэнымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр къащыштэнущ.

Ар къэвгъэсэбэпу, узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэм цIыхухъэм я хуитныгъэхэр кьыщыхьэпауэ фирихьэлIэмэ, кьалэхэм, районхэм я прокуратурэхэм е республикэм и прокуратурэм хэзыбар евгъэщIэну дынывольэIу.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖЬэхIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (экзаул зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замир, Хьэжыкьарэ Алик, ЦIыхущмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; экзаул зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм я дзлъжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехьэ - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ1уэхэм я пажэкьымкIэ ахэр зытхахэм нэсу ягъэуан яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпщIапIэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъужьаем и 16-м Печатым и хуитныгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №II-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: экзаул зыхь секретарым и къудзэ **ДышэкI Соня**, редактору **ЖЬэхIэмыхьу Маринэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дзэIэныкьуэгъу **Мыдзэкьан ФатIимэ**. *Компьютерхэр зэхетым и тепльэр ящIащ* **Дыкин Марэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18.30-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.121 ● Заказ №843